17. Prabu Baladewa tertawa : Hai adik prabu Dwarawati, tinggallah di dalam istana dengan si Dananjaya, bertemulah dengan isterimu itu. Hanya si Harya Wrekodara yang saya bawa berperang.

18. Adiknya mempersilahkan. Prabu Baladewa segera berangkat beserta dengan bala tenteranya, dan di belakangnya,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bala tentera Dwarawati yang menyambLing dipimpin Harya Wresniwira, Wrekodara yang menyambLing,

19. dan Raden Gatutkaca bersatu dengan bala tentera Dwarawati. Prabu Padmanaba sudah kembali ke dalam istana dan Dananjaya terus menuju ke taman sari, dijemput oleh isterinya, yang tingkahnya tidak diceriterakan.

20. Keduanya sama-sama rindu, dengan isterinya di taman sari. Maka yang diceriterakan, sang prabu Baladewa sampai di luar kota dan para pendahulu sudah bertempur dengan pendahulu dari ditya Batubarang.

21. Sri Bupati Mandura dengan bala tenteranya sama-sama maju, menempuh perang mengamuk, Rahaden Wrekodara, Gatutkaca dan Wresniwira bersama-sama menempuh perang beserta dengan pLinggawanya Dwarawati mengamuk.

22. Raksasa banyak yang meninggal, dalam perang mereka bersama-sama mengeroyok dan yang keterjang hancur rubuh diamuk Haryasena dan Prabu Baladewa. Gatutkaca dan Wresniwira semuanya mabuk perang.

23. Tentera raksasa ditumpas. Yang mendekat diamuk, ditumpas habis. Kelihatan sekali oleh rajanya, seluruh pLinggawanya marah, maju sendiri dalam perang, bersama-sama menanduk dan terjadi saling menghancurkan dan serbu menyerbu.

24. Ramainya perang tidak diceriterakan. Meningkat ceritera, raja ditya sudah mati oleh Sri Baladewa, dan leher-lehernya sudah dikait, ditumpas seluruh pLinggawanya. Sisanya

25. ngeri, berlari tLinggang langgang, memperebutkan hidup mati-matian, berlari menerjang dan menabrak. Barisannya Kurawa, kacau balau, lari-lari bercampur dengan ditya bertumbukan saling tindih menindih.

26. Sangat menyedihkan, orang Ngastiba banyak yang kalah, ditabrak dan jatuh, terinjak seperti lantai, diinjak ditya banyak yang pingsan. Dan pimpinan peperangan, sudah membubarkan barisan,

27. kembali ke dalam kota, mereka bergemuruh di jalan, sampai di alun-alun, sang prabu Padmanaba dan adik Arjuna menjemputnya, dan sudah bertemu dengan kakaknya, lalu dibimbing ke Pancaniti.



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

## 14. MAKAN BERSAMA

1. Lalu berjalan ke dalam istana. Satria Dananjaya dibimbing dibawa di sebelah kiri oleh kakak Sri Baladewa dan sang prabu Harimurti

2. dibimbing di sebelah kanannya, Wrekodara berada di belakang. Gatutkaca, Wresniwira dan Raden Samba di belakang. Sudah sampai di dalam istana. Perjalanan Sri Harimurti

3. dijemput oleh ketiga isterinya, yakni Retna dewi Jembawati, Rukmini dan Setyaboma, berempat dengan adiknya, kusuma wara Sumbadra. Di halaman menyembah,

4. lalu duduk di pendapa besar, dan para sentana besar kecil, semua sampai puas makan. Lalu setelah beberapa lama, prabu Baladewa dan adik-adiknya semua bubar,

5. pulang ke negerinya. Singkatnya sudah sampai di negeri masing-masing, lalu semuanya masuk istana. Habis sudah ceriteranya, dan tamatlah buku ini.



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

# CEKEL ENDRALAYA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

## 1. RADEN JANAKA MURCA

**ASMARADANA**

1. Ingkang pinurwa ing tulis, anenggih nagri Ngamarta, panjenenganira katong, Sang Prabu Darmaputra, nuju sawiji dina, miyos mLinggeng pandapa gLing, sineba ari katiga,

2. satriya ing Jodhipati, Raden Arya Wrekodara, lan Nakula Sadewane, miwah kang para santana, geng alit mLinggeng ngarsa. Kawuwusira Sang Prabu, dahat denira sLingkawa,

Dananjayane, tan wonten ingkang wuninga, ing latri denya kesah, saking pasareyanipun, ambekta jemparingira.

4. Melanging tyas Sri Bupati, kàlamun pakartinira, Sang Bathari Durgha dene, ing nguni ngrusak kang wadya, ditya neng pagrogolan, marma sru sLingkawanipun, sakadangira sadaya,

5. Myang santana ageng alit, samya sLingkawa ing driya. De Sang Prabu pratignyane, yen kang rayi prapteng lena, arsa ambelanana, obong lan sakadangipun, ing karsa aywa sulaya.

6. Ngandika Yudhisthiraji, ing ari Dyan Wrekodara: Adhi sira ingsun kongkon, ngupayaa arinira, iya si Dananjaya, lamun tan bisa kapangguh, antuka warta kewala,

7. mati lawan uripneki, lan anakmu Gathutkaca, jaken angupaya age, lan para mantri Ngamarta, sebaren golekana, si Janaka duningipun, kang rayi matur sandika.

8. Sigra dhawuh mring pra mantri, binagi-bagi ing lampah, Prabu Darmaputra ngalor ngidul ngetan ngilen, myang kang putra dhinawuhan, umarek mring kang uwa, ing Kendhalisada gunLing, pinrih anyuwun pitedah,

9. ing dunLingira kang rayi. Ya ta glis amit budhalan, kang samya kinon ngupados, Raden Wrekodara nulya, pamit dhateng ing raka, linilan Limangkat gupuh, mring Ratawu karsanira,

10. asowan eyangireki, Sang Bagawan Abiyasa, kang banget bentur tapane, marma sidik paningalnya, wruh durLinging winarah. Ya ta wau praptanipun, ing wukir Ratawu iku,

11. Manembah marang Sang Resi, rinangkul lLingayanira, Sang Bagawan lon wuwuse: babo kaki putuning wang, apa padha



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

raharja, myang kadangira sadarum, kang kari aneng Ngamarta?

12. Lan praptamu kene iki, apa ta iya dinuta, apata karsamu dhewe? Wrekodara sahurira: iya kabeh rahaija, amLing sawiji putumu, si Janaka ingkang minggat,

13. bengi denira lumaris, tan ana wruh purwanira, lLinga saka paturone, kang kari padha sLingkawa, marma ngong glis dinuta, marang pambarep putumu, iya kinen angupaya,

14. marang kang minggat ing wengi, buyutmu si Gathutkaca, pan iya padha kinongkon, Kakang Prabu ing Ngamarta, parentahe maring wang, yen ora bisa katemu, antuka warta kewala,

15. mati lan uripireki, karuhane gone bela, marma ngong aglis marene, anjaluk tulLing mring sira, enggone si Janaka. Dene ta buyutireku, sun kon takon si Anoman,

16. manawa kono udani, ing dunLinge si Janaka, mati kalawan uripe. Kalamun urip karuwan, sun kon aglis muliha. Sang Bagawan mesem muwus: adhuh Kaki putuning wang,

17. nadyan ko upaya maring, dhasar ing sapta pratala, yekti tan weruh enggone, yen durLing mangsane babar. Waliken tri buwana, sayekti nora katemu, lLingane lagi kinarrya,

18. lalakon marang dewadi, tuwas sayah kang ngupaya, mangsa katemuwa gone, becik sira angantiya, neng gunLing Danaraja, nyepuhna tapanireki, besuk yen mangsane babar,

19. sayekti yen antuk wangsit, sutanira si Guritna, ya wus nglakoni pakone, wakane Kendhalisada, tapa gunLing anyana. Wrekodara lon umatur: ya apa sapakonira,

20. yekti yen ingsun lakoni, aja sing tumekeng lara, tekeng pati iya bae, mLing jaluk pangestunira. Sigra Sang Haryasena, mudhun saking ing Ratawu, marang gunLing Danaraja,

21. prapta lajeng mati ragi, nama puthut Jayalagha. Kuneng ganti winiraos, duta mantri Madukara, ing Dwarawati prapta, wus katur sahaturipun, marang Prabu Padmanaba,

22. yen kang rayi musneng latri, saking pasareyanira. Narendra Kresna nulya ge, asamekta lajeng budhal, lawan sawadyanira, nitih rata Sang Aprabu, ginelak lampahing margi.

23. Raden Samba kang umieing. Ing marga tan winursita,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

cinendhak prapta lampahe, jawining kitha Ngamarta, Sang Prabu Yudhisthira, gupuh ing pamethukipun, wus tundhuk lawan kang raka,

24. gapyuk rarangkulan sami. Sawusira lajeng budhal, prabu kalih sarawuhe, Madukara tata lenggah, samadyaning pandhapa. Wara Sumbadra tumundhuk, lawan putri ing Cempala,

25. mring Sang Prabu Harimurti, mangaras pada kalihnya. Sang Prabu ngandika alon, "Eh, Srikandhi kaya paran, lLingane lakinira, apa ora ana weruh?" matur putri ing Cempala:

26. Genipun sare pribadi, uninga enjing kewala, suwLinging pasareyane, tan wonten ingkang grahita, yen ing dalu kesahnya, dene Semar Bagong kantun, dugi mring taman kewala,

27. lajeng kawula upati, mring taman sepi kewala, wangsul mring pasareyane, wangkinganira binekta, miwah sanjatanira, punika grahitanipun, kalamun estu yen kesah.

28. Ngandika Sri Harimurti, "Eh, Srikandhi kakinira, yen nganti gawa panahe, pasopati sarotama, yektine nedya lawas, lawan adoh tibanipun, Yayi Prabu ing Ngamarta,

29. panggalihe dhateng pun di, kesahe Rayi Paduka, de nilar Bagong Semare." Kang rayi alon ngandika, marase tyas kawula, manawi pandamelipun, pukulun Bathari Durgha,

30. dhatengken runtikireki, surake baiane ditya, duk prang ing Pagrogolane. Sri Kresna lon ngandika, wonten empere uga, panggalihe Yayi Prabu, ananging yen sapunika,

31. kados kados lamun tebih, saking pandameling Durgha, ananging wonten tempele, kalawan pandugi kula, arinta pun Sumbadra, kang dereng dugi puniku, nenggih lalanpahanira,

32. kalangkLing langkLing kuwatir, pun Sumbadra yen taksiha, wonten ing Madukarane, pened dipun angaliha, saking ing Madukara, lamun pareng Yayi Prabu, pun Sumbadra kula bekta,

33. mring nagari Dwarawati, lawan selire satLinggal, kang teksih wonten wismane, Yayi Putri ing Cempala, lan selire satLinggal, lan putranta pun Bimanyu, punika inggih kantuna,

34. arang tiyang den luluti, mLing ibune ing Cempala, tebih mring ibune dhewe. Yudhisthira tur sLimangga. Retna wara Sumbadra, ragi awrat galihipun, dene pisah lan kang putra,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

35. kapeksa ing raka ajrih. Sang Dyah wus kinen siyaga, Larasati ingkang dherek, pawonganira sadaya, Raja Putri Cempala, lan Sulastri ingkang kantun, neng dalem among kang putra.

36. Kusuma wara Srikandhi, kalangkLing sLingkawanira, lan kang raka ing pisahe. Sakedhik putri Cempala, mareme ing tyasia, dene ingkang putra kantun. Ya ta Sang Wara Sumbadra,

37. lawan Dewi Larasati, wus mLinggeng jampananira, pawongan tnandhu kabeh, budhal Prabu Padmanaba, sawadya balanira. Prabu Yudhisthira sampun, kondur marang dalem pura,

38. kang tinilar kari tistis, padaleman Madukara, kadya koncatan sotyane. Mangkana narendra Kresna, rawuh ing prajanira, Sang Prabu lajeng ngadhatun, kusuma wara Sumbadra,

39. mring taman Banoncinawi, lawan sapawonganira. Kuneng ganti winiraos, nenggih nagari Ngastina, Raja Putra Mandraka, Raden Burisrawa sampun, miharsa mucLing pawarta.

## 2. RADEN BURISRAWA KASMARAN DHATENG DEWI WARA SUMBADRA

**PUCLing**

tan ana ingkang udani, denira nis lir pinundhut dewanira,

2. wadya bala Ngamarta sinebar sampun, pra samya ngupaya, tan ana ingkang amanggih, Harya Wrekodara lawan Gathutkaca,

3. nusul kesah angupaya dereng mantuk. Dene para garwa, kusuma Banoncinawi, binoyongan mring Dwarawati nagara.

4. Dene wara Srikandhi pan maksih kantun, tengga Madukara, lan Bimanyu meksih kari. Burisrawa wusnya ntuk warta mangkana,

5. angot tyase wau dennya nahen wuyLing, mring wara Sumbadra, agLing angame daleming, saenggone kadya meh antara gua,

6. pan angLingrum sabarang ingkang kadulu, pinindha ki kadya, kusuma Banoncinawi, latah-latah gumuyu nulya karuna.



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

7. Sang Aprabu Duryudana sakalangkLing, mring ipe welasnya, ginubel rahina wengi, pratignyane yen ora kalampahana,

8. saged mondhong kang dadya paraning wuyLing, Randha Madukara, kusuma Banoncinawi, leheng pejah aneng wana saenggennya,

9. malah asring neng ngarsane narik dhuwLing, arsa suduk jiwa. Sang Prabu angarih-arih, kinen sareh rinembug sakecanira.

10. Prabu Duryudana animbali gupuh, marang dhahyang Durna, lawan Ki Harya Sangkuni, prapteng pura Sang Prabu alon ngandika,

11. "Eh ta Paman paran ing satuhunupun, icale Arjuna, pawartanipun sayekti." Durna lawan Sangkuni alon turira,

12. "Pun Janaka kados lajeng sirnanipun, binadhog siluman, Setra gandamayu dening, icahpun Arjuna wus gangsal warsa,

13. prapteng mangke dereng wonten timbulipun, wartane kewala, kang ngupaya dereng mulih, Wrekodara kalawan pun Gathutkaca,

14. samya nusul angupaya dereng mantuk, ical tan kantenan, ngantos mangke dereng mulih, kados tumut sirnane binadhog buta,

15. wil siluman ditya Setra gandamayu, kang samya rinusak, duk wonten Grogolan nguni, mring pun Bima kalawan pun Gathutkaca,

16. pan ing mangke kadi kadi males ukum, Sang Bathari Durgha, dhatengken runtikireki, marma ulun purun matur sapunika,

17. lamun lajeng pun Janaka sirnanipun. Dene para garwa, mangke sampun den boyongi, mring kang raka Sang Aprabu Padmanaba.

18. Yen teksiha pun Janaka umuripun, mangsa ta puruna, Kresna boyongi kang rayi, lawan mangsa ngantia ing gangsal warsa,

19. yen taksih agesang sayekti jinujug, mring narendra Kresna, wonten dhasaring bumi, saenggone mangsa ta kasamarana,

20. mring ipene pesthi saenggon jinijug, mring dhasar pratala, pesthi yen ginawa mulih. Lah ing kono Adhi Patih kaya paran,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

21. apa ana empere iku tur ingsun." Panggrahitanira, Ki Patih alon aturi, "nora bisa memper wus nyamleng kewala,

22. yen maksih agesang sayekti kinujug, mring narendra Kresna, dhasar ipene kakasih, lawan nora ngantia lawas limang warsa.

23. Sayekti yen balLinge wus ajur mumur, binadhog ing buta, gemet wus tan ana kari, miwah Wrekodara lawan Gathutkaca,

24. ingkang nusul dhateng Setra gandamayu, paran yen gesanga, ngantos mangke dereng mulih, sayektine sampun dados tinja buta."

25. Duryudana duk miarsa aturipun, Sangkuni lan Durna, ginalili-galih tan tebih, pantes uga Arjuna lajeng sirnaa,

26. binadhog ing wil siluman Gandamayu, dadya lon ngandika, "Eh ta Paman dika pikir, panangise putranta pun Burisrawa,

27. dennya lilLing mring Sumbadra ing tyasipun, duk maksih perawan, kongsi laki den enteni, mangke sampun manak siji dadi randha,

28. parandene brangtane tan kena mundur, malah ta sangsaya, dennya kapati toh pati, pratignyane yen nora kalampahana,

29. pupLingkasan lamun boten saged dhaup, lawan pun Sumbadra, pan amLing amit ngemasi, tuwek raga wonten ing ngarsa kawula."

30. Resi Durma gumuyu sarwi umatur, "paran gen mikira, pan sampun den tohi pati, kejawine inggih tinurut kewala,

31. derponipun pun Burisrawa puniku, watawis kawula, dede kejenge pribadi, sayektine yen jinawil dewanira,

32. penedipun sae nuntena unembLing, mring Narendra Kresna, mumpLing meksih wonten ngriki, anak Prabu Karna Dipàti Ngawanggha,

33. benjing-enjing punika ing pamitipun, mantuk prajanira, lan pun Harya Sindupati, prayogine bekta nawala paduka."

34. Prabu Duryudana angandika arum, "yen mangkono Paman, Sangkuni metuwa aglis, timbalana Kakang Dipati Ngawanggha,

35. lan sutanta si Jayadrata ywa kantun." Sangkuni gya medal, sapraptanira ing Jawi, dhawuh marang Karna miwah Jaya-



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

drata,

36. tinimbalan kalihe manjing kadhatun. Sandika turira, kerid ing ngarsa Sangkuni, prapteng pura ing ngabyantara Narendra,

37. wusnya tata lenggah ngandika Sang Prabu, "Kakang Adipatya, mila kawula timbali, manjing pura tan liyan kang dipun rembag,

38. gih pun Burisrawa ing panangisipun, sirnane Arjuna, pan ing mangke angot malih, dennya lara-brangta marang pun Sumbadra.

39. Ing sapisan punika pratignyanipun, yen tan kalampahan, kang dadya brangtanireki, saged mondhong mring randhanipun Arjuna

40. sampun boten nedya aweta tumuwuh, wonten madyapada, suka sru pejahireki, tuwek raga lawan mati lebu wangwa,

41. boten wonten ing lampah prayoginipun, liyan jeneng para, kang ngaturna layang marni, mring rakanta Sang Aprabu Padmanaba,

42. mangsa borong sasambLing prayogeng tembLing, mring Raka Paduka, Sang Aprabu Harimurti." Tur sandika Sri Naradipati Karna.

43. "Boten lintang Kurawa kang kula suwun, mLing pun Dursasana, lan pun Harya Banakeling, Kartamarma kalawan Harya Durjana,

44. kang salawe ingkang ngiringna karuhun, ing lampah punika, Kurawa salawe sami, ing ngayuda kasmaran sikep sanjata."

## 3. SANG HYANG KAMAJAYA BADHE NGAYOMI DEWI WARA SUMBADRA

ASMARADANA

dipati lampahe, pan inggih meksih kuciwa, karana pupLingkasan, karsane arinta prabu, anak dipati lampahnya,

2. inggih sami sapuniki, kekahe Narendra Kresna, boten



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kewran sayektine, anglembut miwah ngasaba. Dipati ing Ngawanggha, miarsa suka gumuyu: lamun makatena Paman,

3. karsane Sri Narpati, susumuk prang Bratayuda, lampah puniki badhene, nanging wetawis kawula, tan ngantos sak punika, pinten ta ing kuwatipun, putranta Sri Padmanaba,

4. ing prang lamun boten kanthi, putra tuwan pun Janaka, botoh dadi jago dhewe, yektine mangsa sageda. Gumuyu Resi Durna, leres wuwus ta puniku. Sang Prabu alon ngandika.

5. Pan inggih Kakang Dipati, sLimanggeng karsa kewala, amrayogi ing lampahe. Karna umatur sandika, serat wus tinampanan. Ngandika malih Sang Prabu, Eh Paman Patih dhawuha,

6. Kurawa ingkang sapalih, pangarsa si Dursasana, umiringa ing lakune, Kakang Dipati Ngawanggha, sakapraboning yuda. Patih sandika turipun, wus medal saking jro pura,

7. Durna kalawan Sangkuni, Karna miwah Jayadrata, apan wus dhinawuhake, mring Sangkuni kyanapatya, sagLing bala Kurawa, sakapraboning prang pupuh, umiring Sang Adipatya,

8. marang nagri Dwarawati, sadaya matur sandika. Kuneng dalu winiraos, enjing wus sami samekta, sakapraboning yuda, Kurawa sadaya sampun, pati narapati Karna,

9. miwah Harya Sindupati, wus samekta balanira, tengara lajeng budhale, saking nagari Ngastina, gumuruh aneng marga, lampah kang dadya panganjur, sira Raden Kartamarma,

10. lan Raden Kartabogeki, gumredeg pangayapira, asri tinon gegamane, ingkang sumambLing ing wuntat, Kartasuta kalawan, Kartabada kalihipun, Kartaba Kartalalana,

11. Karya lan Kartala nenggih, Karmi miwah Kartameya, nitih kuda sabalane, kang wadya mawarna-warna, sri tinon lampahira. Nulya wuri kang sumambLing, kang dadya sirahing lampah,

12. Ngawanggha Sang Adipati, respati nitih turangga, ginarbeg wadya balane, pLinggawa mantri Ngawanggha, sadaya pipilihan, kang tata prang kinarya muk, gumuruh prajuritira.

nitih kuda sabalane. Ingkang sumambLing ing wuntat, Dursasana kalawan, Durmuka lan Durjayeku, Durmangghala lan Durdarma,

14. asri busananing dasih, kadya wana kawelagar, Kurawa



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

seket lampahe. Wus lepas ing lampahira, saking nagri Ngastina. Kuneng gantya kang winuwus, kayangan ing Cakra kembang,

15. duk lenggah lawan kang rayi, Sang Bathara Kamajaya, ngandika marang garwane, Yayi Ratih wruhanira, adhimu si Janaka, lLinga ninggal wismanipun, marmane ing Madukara,

16. wus lawas ingsun tingali, dene teka nora ana, kukuwunge sepi bae. Ingkang kari aneng wisma, amLing putri Cempala, iya lawan si Bimanyu, arinira si Sumbadra,

17. wus ana ing Dwarawati, ing mengko si Burisrawa, pan angot maneh edane, brangtane mrig si Sumbadra, dinuga arinira, si Dananjaya wus lampus, marma Prabu Duryudana,

18. gelem anuruti maring, panjaluke Burisrawa. Ingkang lumaku dutane, nembLing mring Narendra Kresna, Adipati Ngawanggha, gawa bala pLinggawa gLing, sakapraboning ngayuda,

19. guneme lamun tinampik, nedya masesa ing aprang, marma samekta baiane. Dewi Ratih matur nembah, pukulun pun Janaka, dhateng pundi purugipun. Kang raka alon ngandika,

20. Ing mengko lagi piningit, dening Hyang Jagad Pratingkah, arinira ing enggone, ing Marcapada tan ana, miwah ing suralaya, ingsun sawang kabeh suwLing, tejane sepi kewala.

21. Mengko arsa sun palangi, lakune si Suryaputra, supaya balia bae, sedheng babar arinira. Wusnya ngandikeng garwa, Kamajaya gya tumurun, nenggih marang Madyapada.

22. Neng marga kaget ningali, Semar Bagong aneng wana, anusup-nusup lampahe. Kamajaya mesem miyat, niyup saking gagana, winedalan saking pLingkur, sarya ris panyapanira.

23. Semar Bagong kagyat nolih, wus nyana yen gustinira, anjrit nLingkemi padane, dhuh Gusti kadi punapa, kesah datan wawarta, inggih marang dasihipun, akarya sewu sLingkawa,

24. miwah kang kantun neng nagri, pra sami angarsa-arsa. Kang mindha aris dehnge, ing nguni duk lLinganing wang, sira kapati nendra, manawa kaget sangketmu, dadi lara ingsun gugah.

25. Lah ta kakang payo mulih, selot-selote lumampah, jujug Dwarawati bae, arinira si Sumbadra, apan wus aneng kana, sejak kangen raganipun, iya marang arinira.

26. Semar Bagong matur inggih, suwawi nunten Limangkat,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sayekti sami onenge. Saksana sigra Limangkat, lumampah ing satitah. Kuneng gantya kang winuwus, nenggih samadyaning wana,

27. wonten ditya pacak baris, saking nagri Batubarang, kalih pLinggawa lampahe, ingutus mring ratunira, Sang Prabu Palasiya, supena kalaning dalu, dhaup lan wara Sumbadra.

28. SawLingunira aguling, Sang Aprabu Palasiya, sigra anuduh baiane, anglamar mring Dwarawatya, bekta sakaprabon prang, neng madyaning wana bingLing, dyan kendel sawadyanira.

29. Kang baris ngarsa ningali, yen wonten jalma lalampah, amLing titiga kathahe. Katur ing pLinggawanira, sigra nuduh mring bala, kang lumampah kinen ngepLing, pan arsa den takonana.

30. Sigra denya marepeki, wus samya ayun-ayunan, takon tinakon kalihe, kang mindha sahur prasaja, lamun wara Sumbadra, kang linamar garwanipun. Kang mindha tinubruk indha,

cinatur cendhake bae, jawata sukering driya, mambet gandaning ditya, sigra menthang larasipun, lumepas saanjata bajra,

32. ditya kakalih dipati, katut kabuncang maruta, sima kabeh sabalane.* Semar Bagong suka mulat. Bathara Kamajaya, wus lajenging lampahipun, satitah datan rekasa.

33. Nengna kang lagya lumaris, aneng satengahing wana, gantya ingkaNg winiraos, kadya mangsuli carita, Retna Wara Sumbadra ing nguni sarawuhipun, neng Dwarawati nagara,

34. sawusnya antara lami, kesahipun ingkang raka, dereng wonten pawartane. Larasati gya dinuta, ngawaki angupaya, momor wedalira namur, saking jro pura Srinata.

## 4. DEWI LARASATI KEPANGGIH KALIYAN CEKEL ENDRALAYA

SINOM

1. Wus lami kalunta-lunta, genira ngambah wanadri, mamarta para pandhita, tan antuk pitaken siji, wus tita lampahneki, Larasati arsa mantuk, nasak ing wanawasa, dangu-dangu lampahneki, aningali wukir alit langkLing pelag,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. garembel kakayonira, tinon sapucuking wukir wOnten gubuge satLinggal, sumunu tejane wening. Kendelken Larasati, arsa umampir ing ngriku, gya minggah ing parbata. Wuwusen kang aneng wukir, amartapa satria ing Madukara,

3. kesahira saking praja, pribadi datanpa kanthi, mLing bekta jempraringira, Saritama Pasopati, lajeng jujug ing wukir, Banjar mlathi adhudhukuh, lajeng sisilih nama, Cekel Endralaya dening, laminipun martapa wus gangsal warsa,

4. siyang latri datan pegat, mumuja mring batharadi, pangesthinipun ing driya, kang tansah pinuji-puji, amLing sanjata kalih, mrih wijayaning ngapupuh, lamun prang Bratayuda, jayabinangun ing benjing, sarirane dadiya lajering rana,

tanah sabrang tanah Jawa, biasaa anjunjLing maring, kang raka Sri Bupati, Yudhisthira malihipun, bisa ngaubi marang, para kadang warganeki. Yata wau Larasati lampahira,

6. sapraptanira ing dhekah, Banjar malathi udani, ana sujanma satLinggal, neng jroning gubug ngririntih, kadya wong nandhang sakit, genipun lenggah pitekur, kadya wong amumuja. NgLingun ing tyas Larasati, aningali mring warnanipun Sang Tapa,

7. dene ta panganggenira, rasukane jubah waring, terus lawan nyampingira, apan sami waring langking, nanging sadaya sami, kraket lan sariranipun, dening nanah myang jitah, ira sakit gudhig wesi, marmanipun Sang Tapa ngruntuh kewala.

8. Dene sakitnya kalintang, ting sarenut ting prakinting, langkLing gatel panas uyab, miwah wedananireki, biru erem kaeksi, nging maksih kukuwLingipun, lamun jalma utama. Dadya niken Larasati, ngunandika sajroning wardayanira,

9. Apa iki ta wong lara, apa ta wong mati ragi. Dadya ris dennya wecana: Paman tumengaa aglis, temonana wak mami, aja pijer angruruntuh. Kang pitekur miarsa, mudhar asta lajeng linggih, tiningalan dhadhayohira wanodya.

10. Angruntuh denya nambrama: katuran kang lagi prapti, tembe kewala tumingal, dika priyayi ing pundi, sinten sinambating sih, lan pundi ingkang kapLingkur, punapa kang sinedya, pawestri minggah ing wukir, ayu anom lumampah datanpa rowang.



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Larasati sahurira: Paman pesaja wak marni, mring satria Madukara, ingsun garwane paminggir, Larasati ran marni, dhadhasar kinon anamur, mring Gusti sang lir Retna, Kusuma Banoncinawi, balik sira apa ta iku wong tapa,

12. apa ta wong dhasar lara, pitekur denira linggih, ngreruntuh kaya wong lara, ananging denira linggih, rakite wong semedi. Kang liningan sahuripun: boten muja myang tapa, dhadhasare nandhang sakit, badan kula punika telas sadaya,

13. sami pinangan keruma, gudhigipun gudhig wesi, boten mantun dening tamba, ting sarenut ting prakinting, sakitipun nglangkLingi, mila tan kendel ngraruntuh, pan sampun gangsal warsa, gen kula wonten ing ngriki, pan satetes dereng wruh raosing toya,

14. miwah saupa kewala, dereng kalebon rijeki, pijer ngukuri karuma. Larasati mesem angling: merinding awak marni, angrLingu caturmu iku, nanging ta paman sira, wong lara-lara sayekti, wekasane sira uga dadi tapa,

15. kongsi antuk limang warsa, nora nginum nora bukti, tapanira saking lara, luwih tapaning maharsi. Paman ingsun tuturi, ingkang dadi lakuningsun, dinuta gustining wang, kusuma Banoncinawi, amamarta kesahipun ingkang raka,

16. satria ing Madukara, kesah kalanireng latri, lawase wus limang warsa, lan gonira tapa sami, neng wukir kene iki, iya padha limang taun, prapteng mengko tan ana, pawartane durLing yakin, ing meksihe sugeng lawan sedanira.

17. dadya kang sepuh garwanya, karsanira netiyari, angupaya pitakonan, ingsun dhewe glis tinuding, wus lawas laku marni, mudhun jurang mLinggah gunLing, mamaria para tapa, tan antuk pitakonan siji, wusnya tita dadya sun mulih kewala.

18. prapta ngong umiyat teja, sapucaking wukir iki, ingsun Linggahi katingal, sira kang pitekur linggih, neng jroning gubug sarwi, gerang-gereng angraruntuh, baya karsaning dewa, kinen tataken wak marni, marang sira ingsun paman jarwanana,

19. ing musnane gustinira, sugeng lan sedanireki, kapriye panawangira. Kang tapa alon nahuri, wonten sarate ugi, inggih ing petanganipun, kalangkLing saking awrat, yen ingkang taken



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

priyayi, yen kang taken wong cilik entheng kewala.

20. Dika garwaning satria, mangsa sageda nglampahi, sarate taken petangan. Larasati lligira ris, mara ucapna aglis, abot entheng saratipun, kelar nora kelara, ingsun kelaraken yekti, bisa nora bisa sun bisakken uga.

21. Kang tapa mesem ing driya, myar salinge Larasati, alon denira wicara: sarate nganggo wot sari, dipun pratingkah ngabdi, dekLinge panembLingipun, barang kang den jaluka, den kadi nyuwun ing Gusti. Larasati miarsa gumujeng latah,

22. Bok aja mengkono Paman, anggur jaluka sireki, mas picis lan rajabrana, sayekti ingsun turuti. Kang tapa lingira ris: wau sampun kula wuwus, yen priyayi tan kelar, nglakoni saratireki, lah ta sampun sami slametan kewala,

23. dika ngulon kula ngetan, Larasati duk miarsa, osiking driya mangkana: cuket temenan wong iki, bok iya sun lakoni, kang mangkono saratipun, nadyan ingsun nembaha, iya marang ing wong iki, ngarah apa ujer ta liku wong tapa.

24. Dadya ris denya wecana: iya Paman sun lakoni, sarate takon petangan, mengko sun matur wot sari. Kang tapa lingira ris: lah inggih sakarsanipun, yen kedah-kedah tannya. Larasati mudhun aglis, sinahnan kinanthi dekLing lLingguhnya.

**KINANTHI**

1. Larasati nembah matur, Pukulun amba tinuding, ing Gusti kusumaning dyah, Retna Yu Banoncinawi, garwa sepuh Madukara, putri kadang Dwarawati,

2. nyuwun tulLing mring Sang Wiku, kang raka wus gangsal warsi, musna saking paguhngan, tan wonten banon kang gigrig, kadya pinulLinging dewa, lamine ngantos samangkin,

3. dereng wonten wartosipun, sugeng myang sedanireki, punika mba nyuwun tedah, yen sampun seda upami, pundi gene kunarpannya, kawula arsa udani,

4. yen taksih sugeng pukulun, dumunLing wonten ing pundi, karsane benjang punapa, konduripun mring nagari, mugi paduka wecana. Telas ture Larasati,

5. kang tapa mesem lingnya rum, eh wruhanira bok selir,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

satria ing Madukara, sayekti yen maksih urip, nging durLing kena winedhar, enggone maksih piningit,

6. dening jawata kang agLing, kinarya lalakon lagi, lah iki meh timbulira, yen nagara Dwarawati, katekan ing banjir bandhang, gustimu turana aglis,

7. anitiha palwa gabus. Lah ta wis muliha aglis, manawa den arsa-arsa, marang ing gustinireki. Telas welinge sang tapa, wangsul mring sinom pangrawit.

SINOM

marang ingsun pan kagagas, iya ingkang musneng latri, dene basa bok selir, kaya pa sira maring sun. Kang tapa mesem mojar, aran ta sira sayekti, garwanipun paminggir Raden Arjuna.

2. Tumunten dika mantuka, sampun kadangon neng ngriki, sayekti lamun meh babar, inggih kang dika ulati. Mesem ken Larasati, Paman manawi dinangu, mring Gusti sang lir retna, nama myang araning wukir. Sahurnya lon, bok selir nama kawula,

3. gih pun Cekel Endralaya, dene ta namaning wukir, manut namaning dhedhekah, ing wukir Banjar Melathi. Ya wis Paman ngong pamit, karia rahajeng pLingkur. Ken Larasati sigra, tumedhak saking ing wukir, lajeng lampahira tan kawarneng marga.

4. Cinendhak pan sampun prapta, jroning kitha Dwarawati, miyos kori bubutulan, nenggih ing Banoncinawi, panggih gustinireki, Larasati nembah matur, sasolah tingkahira, nenggih denira tinuding, angupados pitakenan para tapa,

5. ing musnane ingkang raka, tan antuk pitaken siji. Nuju antuk pitakenan, nenggih saantukireki, neanggih janma sawiji, tapa sapucuking gunLing, ran Cekel Endralaya. Gadhah sakit gudhing wesi, laminipun tapa sampun gangsal warsa.

6. Dene sarating petangan, denya tatanya wot sari, sarta ing panedhanira, kang tapa Banjar Melathi, katur sadaya sami, Sang Retna kalangkLing ngLingun, miarsa solahira, kang tapa Banjar Melathi, liwat aeng pamintane Endralaya,

7. miwah ta pamecanira, kang tapa kalangkLing wadi,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kusuma wara Sumbadra, dereng pinanggih ing galih. Kuneng Banoncinawi, gantya wau kang winuwus, Kurawa ing Ngastina, lampahira sampun prapta, Dwarawati kendel sajawining kitha,

8. katur ing Narendra Kresna, laj.eng tinimbalan sami, manjing salebeting kitha. Sang Aprabu Harimurti, miyos ing pancaniti, Sang Adipati wus tundhuk, miwah sagLing Kurawa, marek ing ngarsa pra sami, nembah marang Sang Aprabu Padmanaba.

9. Sawusira sinembrama, Narpati Karna nulya glis, ngaturaken seratira, binuka sinukmeng galih, putus pamaosneki, Sri Kresna ngandika arum, eh, Yayi Adipatya, karsane arinireki, ing Ngastina apan wus idhep kewala,

10. gone mundhut arinira, si Sumbadra apan ta wis, kena ingaranan randha, lLingane arinireki, si Parta apan ta wis, kena ingaranan lampus, nadyan maksih uripa, bojone yen gelem laki, yekti kena tininggal wus limang warsa.

11. Ingsun angLingun ing driya, yayi mring arinireki, ya si Harya Burisrawa, paranta lawase mangkin, teka tan kena mari, denya nandhang brangta wuyLing, iya mring si Sumbadra, manak siji den enteni. Matur alon Sang Adipati Ngawanggha,

12. Marma Yayi Padukendra, Ngastina maksih nuruti, ing tyasipun Burisrawa, myang kang sepuh-sepuh sami, meksih purun nuruti, denya andarLing delarLing, adreng kaderengira, ginalih-galih manawi, sampun pesthi jinodho lan pun Sumbadra.

13. Duk maksih perawanira, denya kepati toh pati, tan kantenan linglLingira, bathari Durgha nuruti, nedya nyolong mamaling, katula-tula katlikLing, binanda cara kumpra, puniku manawi dadi, ing tapane tinurut dening jawata.

14. Gumujeng Narendra Kresna, manawa mengkono yayi, nanging ingsun durLing bisa, lamun mangsulana mesthi, sarat nganggo tinari, sokur yen banjur tinurut, mopone yen tan kena, saking ing pameksa marni, sun srahaken marang kakangne Mandura.

15. Sang Dipati duk miarsa, kang raka wangsulaneki, langkLing sukanireng driya. Ngandika dereng dumugi, Sang Prabu Harimurti, kasaru ing praptanipun, ingkang mindha Arjuna, dumrojog ngarsa narpati, nerak sagLing bupati ingkang sewaka.



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

16. sarwa ngumbar kuncanira, ngogleng wangkinganireki, kang tinerak samya piyak, kesampar lampahireki, KuTawa akeh sami, kesampe lembeyanipun, adipati Ngawanggha, yen ta sampuna ngengoni, meh sakedhik kesampe talinganira.

17. Pràpta ngarsane narendra, tumLingkul denira linggih, ngLingkurken Dipati Karna. Kurawa jetLing pra sami, myang sagLing pra dipati, anjenger kalangkLing ngLingun, mulat marang kang mindha, dene lagi den rasani, nuli prapta ngogleng dhuwLing ngumbar kunca.

18. Sang Aprabu Padmanaba, pangLingunira wor runtik, mulat solahe kang prapta, dene angowah-owahi, lawan ing nguniuni, tanpa kering sarengipun, marang ing kadang tuwa, taklime tan angabekti, kang sewaka kabeh kasampar lampahnya,

19. myang kasampe lembeyannya. Sang Aprabu Harimurti, rengu denira ngandika, eh Janaka sira prapti, salawasmu mring ngendi, lLinga kongsi limang taun, apa ta sedyanira, dene teka ngarsa marni. Ingkang mindha Arjuna alon turira,

20. Pukulun kesah kawula, mila ngantos gangsal warsi, nuruti raosing driya, lalana ngelaya bumi, mila tan jujug panti, lajeng sowan ing Sang Prabu, miarsa pun Sumbadra, sampun wonten Dwarawati, ulun suwun mantuka mring Madukara.

21. Sang Prabu kagyat miarsa, tembLinge kang lagya prapti, rengu denira ngandika, apa ta gugat sireki, yen jaluka sayekti, nora mengkono tembLingmu, nora trima sun gawa, bojomu mring Dwarawati, dalan rupak saking lumuh kadhinginan,

22. balik sira ninggal lLinga, iya mring garwanireki, kongsi lawas limang warsa, dudu traping laki rabi, apa ta nora janji, kaya mengkono lakumu, gawe sawenang-wenang, iya maring kadang marni, iya ingsun balik gugat nora trima.

23. Eh ta Yayi Suryaputra, sun duwe cacalon keris, bakal dhapur sabuk tampar, nanging mengko durLing dadi, atuma Sri Bupati, Ngastina sakarsanipun, apan ingsun wus lila. Garjita Sang Adipati, angejepi Jayadrata Dursasana.



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

## 5. RADEN JANAKA, MALIHANIPUN SANG HYANG KAMAJAYA PERANG KALIYAN KORAWA

DURMA

1. Gya tinubruk kang mindha mring Jayadrata, Dursasana nututi, Karma Kartamarma, Durmuka lan Durjaya, Durghangsa lan Durghapati, Durgha lan Darma, Durmuka Duryaseki.

2. Nora tahan mulat Prabu Padmanaba, kondur manjing jro puri, Samba Wresniwira, pra samya rawat waspa, miwah sagLing pra dipati wus dhinawuhan, aywa na kang praduli,

3. sapratingkahira Kurawa Ngastina, ana ing Pancaniti. Wau kang binanda, rinubLing ing Kurawa, Kama gumuyu denya ngling, Eh Dananjaya, apa rasaning tah,

4. dhasar singset tali duk ingkang kinarya. Kang tinanya turnya ris, inggih langkLing panas, raose tangan kula. Karna latah denira ngling, nora piraa, yen meksih ngrasa sakit,

5. yen mengkono bae toge budinira, wartane luwih sekti, panengah Pandhawa, dene iku sun banda, markLingkLing datanpa budi, teka tan bisa, iya ucul pribadi,

6. sayektine sun guguru ngestupada, Janaka mring sireki. Mesem ingkang mindha, sarwi ngunus astanya, tali ngelokro pribadi, cengkalakira, gumropyok tibeng siti.

7. Duk tumingal jenger narapati Karna, dheleg-dheleg tan angling, myang sagLing Kurawa, jetLing tan kena ngucap, kang mindha warna lingnya ris, age nembaha, Karna ing pada marni,

8. aja pijer dheleg-dheleg bae padha, aparsa cidreng jangji, tinebak jajannya, Karna niba kantaka, binareng astane kering, nebak mring Jaya, Drata tiba gumlinting.

9. Tandang sagLing Kurawa sami bramantya, ambyuk sareng ngebyuki, marang ingkang mindha, lir nubruk wawayangan, pangrasnira wus keni, lajeng binanda, temah kang den taleni,

10. Darmaghati bedhes-bedhes sambatira, pisuhe andrewili. Wau ingkang mindha, wus aneng wurinira, gya tinubruk malih keni, ingkang binanda, rowangira pribadi,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

keni, binanda satemah, kancane kang binanda. Kaku tyasira pra sami, gagamaning prang, kang kinarya ngembuli,

12. ana kunta-kinunta dhendha-dhinendha, ana piling-piniling, anyakra nyandrasa, limpLing myang alugara, sadaya pemasikati1), prang wawayangan, lamun tiniban bindi,

13. pan kumepyur kadya wus awor bantala, tiningalan pan meksih, ngadeg ngarsanira. Lamun pinrang candrasa, tugel bet pangrasaneki, gya tiningalan, maksih ngadeg geng ngarsi.

14. Dangu-dangu Kurawa binawur ing prang, sami rowang pribadi, rame leng-ulengan, bedhama binadhama, ana kang gendhi ginandhi, gada-ginada, ana bindi-binindi,

15. ana kunta-kinunta cakra candrasa, limpLing piling-piniling, ana kuwel ing prang, cengkah pokah-pinokah, ana kang tarik-tinarik, sebrat-sinebrat, ana banting-binanting,

16. pra santana kathah ingkang nandhang brana, prajurite keh mati. Wau sawLingunya, Adipati Ngawanggha, lawan Harya Sindupati, saking kantaka, kaget duk aningali,

17. de Kurawa binawur prang padha rowang, sigra ya Sindupati, saprajuritira, myang sagLing pra dipatya, Ngawanggha wus kinen nyapih, marang kang samya, binawur ing ngajurit.

18. Nora kena si Parta pinrih prang rupak, sigra Sang Adipati, ngembat langkapira, manut sagLing Kurawa, ngembat langkapira sami, sareng lumepas, jemparing lir gerimis,

19. anibani satengah wringin sengkeran, wuri kumebul maksih, sanjata matumpa, tumpa mayuta-yuta, maewu makethi-kethi, wringin sengkeran, gondhongira barindhil,

20. dalah sapangira sadaya pan sirna, katiban ing jemparing, sawiji tan ana, nibani kang alenggah, mLing kanan kring myang wuri, miwah ing ngarsa, tibane kang jemparing.

21. Datan anggop Kurawa sanjatanira, miwah Sang Adipati, ing wuri sangsaya, dres kathahira miwah, yekang sanjata dadali, saking gandhewa, muntab arubul mijil.

22. Ingkang lenggah ngeca-eca datan obah, nulya anyipta angin, pawana panulak, kang prahara geng prapta, jemparing samya kabalik, nibani marang, ingkang darbe pribadi.

1) ing sejat babonipun mLingel: sadaya pemmasikati.



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

23. Kagegeran Kurawa mawur sadaya, giris kalangkLing miris, sajeg durLing ana, panah amakan tuwan. Katur ing Sri Harimurti, langkLing dulunya, tedhak mring Pancaniti,

24. kang umiring amLing Samba Wresniwira, sigra dennya mrepaki, sarwi ngayat cakra, payo kene Janaka, papagena tandang marni, singa tiwasa, rok bandawala pati,

25. apa katon iki sira tadhahana, tibane cakra marni, de kagila-gila, piyangkuhira ing prang, baya norana wong sekti, amLing Janaka. Ingkang mindha ningali,

26. yen Sri Kresna tedhak ngayat cakranira, gupuh dennya mrepeki, sarwi mendhak-mendhak, aturira ngrerepa: dhuh Pukulun Sri Bupati, narendraning wang, dunLinge sembah marni,

27. ila-ila manawi kamipuruna, lumawan ing ngajurit, suwawi tibakna, inggih cakra paduka, tan wonten yogyane malih, ingkang nguntapna, ing pejah gesang mami,

28. angaterna maring ing kamuksaning wang, pan amLing Sri Bupati. Prabu Padmanaba, miarsa aturira, kang mindha sru melas asih, pangrepanira, kasmaran Sri Bupati.

## 6. RADEN JANAKA MALIHAN KADAMEL SAYEMBARA

### ASMARADANA

1. Korut krodaning ngajurit, Sang Aprabu Padmanaba, kadya sinapon dukane, aris denira ngandika, Janaka kaya apa, kapitemen raganingsun, nedya prang kalawan sira,

2. arok bandawala pati, wekasan sira tan arsa, mapagake yudaning ngong. Kang mindha alon turira, pukulun ila-ila, yen ngantosa kamipurun, lumawan ing padukendra.

3. Sangsaya lilih kang galih, Sang Prabu aris ngandika, ingkang dadi dukaning ngong, dene tingkahira, sun dulu banget owah, lan ing saben sabenipun, lamun mentas lLinga lawas,

4. teka banjur jujug wuri, katemu lan garwanira, mangka praptanira kiye, jujug ngarsa ingkang sarta, nembLing rada masesa, iku kagete tyas ingsun, pan ing mengko ana apa,

5. mapan garwanta pribadi, lah ta wisira lajua, temu lan



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

garwamu mangke. Kang mindha lon aturira, boten kawula ngantya, wong Ngastina wangsulipun, krodhaning prang mring kawula.

6. Legeg Prabu Harimurti, myarsa hature kang mindha, dereng panggih grahitane, dadya lon dennya ngandika, ewuh temen tyasing wang, miarsa wuwusireku, jarene oneng kang garwa,

7. kepati jinaluk wani, sun turuti durLing arsa, lah iya sun laju bae, apa ta sakarsa para, ngenteni wong Ngastina, balik ing aprang pupuh, nanging ta samengko sira,

8. sun kunjara wesi dhingin, lan sun karya sayembara, bok wong Ngastina adrenge, anjaluk marang Sumbadra, kapalang dening sira, den patenana karuhun. Ki mindha alon turira,

9. sampun kang kunjara wesi, nadyan panjingna dahana, gebyurna ing samodra rob, tempukna parwata waja, yen karsa padukendra, ajura den dumur-kumur, sarambut datan suminggah.

10. Sigra tedhak Sri Bupati, mring kunjara wesi prapti, kilen sitinggil prenahe, kang mindha wus kinunjara, pinati kuncinira, Semar Bagong datan kantun, gilir bupati kang jaga.

11. Sang Aprabu wangsul malih, lenggah aneng pagelaran, Kama tinimbalan age, miwah Harya Dursasana, myang Harya Jayadrata, Kurawa sadaya sampun, mLinggeng ngarsane narendra.

12. Sang Padmanaba lingnya ris, Yayi Dipati Ngawanggha, muliha matura age, mring Yayi Prabu Ngastina, yen iki si Janaka, ing mengko wus sun warLingku, lebokaken kunjara,

13. lamun Yayi Prabu maksih, Ngastina duweni karsa, marang adhine ing kene, dhinaupaken kalawan, si Harya Burisrawa, kang dadi kalilipingsun, iyeku den patenana,

14. kang aneng kunjara wesi, aja susah sun matura, sira wus ngrasani dhewe, kasektene si Janaka, wis tita nora kena, ginagampanging prang pupuh, pira ta kehing Kurawa,

15. sabalanira ngembuli,-mati maneh yen matia, kabeh kang aprang kaweleh, mundur nandhang kawirangan, kawur prang padha rowang. Dipati Kama umatur, Kakang Prabu boten susah,

16. kawula mantuk pribadi, sae utusan kewala, mangke punapa karsane, Rayi Paduka Ngastina, kalamun boten tedhak, sayekti nimbali mantuk, nanging watawis kawula,

17. kados yen tedhak pribadi, ambekta pandhita Duma,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ingkang binobot pikire. Ngandika narendra Kresna, iya masanggrahana, paseban ing alun-alun, yayi ywa adoh maring wang.

18. Sandika Sang Adipati. Sang Nata kondur ngadhatyan, Narpati Karna nulya ge, lan sagLing bala Kurawa, tatrapa masanggrahan, paseban ing alun-alun, kamot sawadya balanya.

19. Pan sampun akarya tulis, Sang Adipati Ngawanggha, kamot ing srat sadayane, denira lumaku duta, purwa madya wasana, myang Kresna wangsulanipun, kasaru Arjuna prapta,

20. myang dadine ing ngajurit. Titi kang srat ingecapan, mesat duta kang kinongkon, sira Raden Kartajaya, lawan Raden Durmuka. Wau ta ingkang ngadhatun, Sri Maha Narendra Kresna,

21. laju tedhak taman sari, wara Sumbadra duk lenggah, Larasati neng ngarsane, kagyat rawuhe kang raka, gupuh dennya tumedhak, methuk ing raka tumundhuk, nembah ngraup-padanira,

22. astane sigra kinanthi, wus tata denira lenggah. Sang Prabu ngandika alon, eh Sumbadra arining wang, sun tutur marang sira, ingsun kadhayohan mau, Yayi Dipati Ngawanggha,

23. lakune apan tinuding, mring Yayi Prabu Ngastina, anutugake karsane, panjaluke marang sira, sidane dhaup lawan, si Burisrawa riningsun, karana pan wis dinuga,

24. yen lakinira ngemasi, lLinga nganti limang warsa, durLing ana pawartane, pesthi yen mati kewala. Dene wangsulaning wang, mring Kama ingsun jumurLing, karsane Sri Duryudana,

25. goningsun jumurLing Yayi, yen sira dhaupa lawan, ya si Burisrawa dene, duk sira meksih perawan, gone kepati brangta, wus laki meksih durLing wus, gone amrih marang sira,

26. ngenger Durgha den lakoni, nempuh byat ambek palastra, bengi maling nedya nyolong, samengko sira wus randha, teka meksih kewala, panjaluke mring sireku, marma sun jumumng ing tyas,

27. bok manawa wus pinasthi, karsane maha bathara, iya lan sira jodhone. Nora suwe lakinira, si Dananjaya prapta, dumrojog mring ngarsaningsun, pan maksh angumbar kunca,

28. nerak sagLing kang anangkil, miwah Kurawa Ngastina, akeh kesampar dhengkule, myang kesampe lembeyannya. Prapta



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

neng ngarsaning wang, durLing rereh banjur nembLing, anjaluk marang ing sira.

29. Banget denira ngowahi, liya lawan saban-saban, tyas-ingsun banget kagete, kabranang padha sakala, sun ngejepi mririg Karna, Kurawa bareng anubruk, marang si Janaka kena,

30. binandha datanpa budi, ingsun nora tahan mulat, sun tinggal manjing kadhaton, nora suwe kapiarsa, gumuruh pagelaran, si Janaka soroh amuk, ucul teka ing babandan.

31. Saking gugupku gya bali, prapta pagelaran mulat, Kurawa wus larut kabeh, si Janaka angedhangkrang, lLingguhe sila tumpang, neng ngisor waringin kurLing, nginang udud rokok dawa.

32. Sun Yayi kaliwat runtik, dupi ayati cakra, dherakalan ing udhune, angrepepeh mendhak-mendhak, mara mring ngarsaning wang, asrah pati uripipun, ngrerepa manis turira.

## 7. PRABU BALADEWA DIPUN PINTA SRAYA ING RATU NGASTINA

DHANDHANGGULA

sar kadang, dadya sun kon banjur age, marang ing taman santun, ge temuwa lawan sireki, teka nora sembada, lan duk nembLingipun, adrenge kadimirusa, sun legani kang dadya karepireki, nanggo gawa semaya,

2. apan arsa angenteni dhingin, ing runtike iya wong Ngastina, dadya ingsun nepsu maneh, ing samengko lakimu, sun panjingken kunjara wesi, sun karya sayembara, lamun Sang Aprabu, Ngastina nadyan ngambila, minta sraya lamun bisa amateni, iya mring si Janaka,

draka. Apan ing mengko dutane, Ngawanggha wus lumaku, mring Ngastina ngaturken tulis, Ngawanggha barisira, tugur ngalun-alun, buh ta dadine ing benjang. Sang kusuma wau kalane miarsi, andikane kang raka,

4. langkLing saking kumepyur ing galih, anglesing driya



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nawLing sLingkawa, tumLingkul mijil waspane. Mesem ing tyas Sang Prabu, aningali marang kang rayi, tan mawi angandika. Wau konduripun, kusuma wara Sumbadra, angandika marang niken Larasati, sira age balia,

5. marang ing gunLing Banjar Melathi, Cekel Endralaya timbalana, yen mopo pesanen bae, temu dhewe lan ingsun, apan sira ngrLingu pribadi, iya dennya ngandika, mau Kakang Prabu. Larasati tur sandika, nembah mundur saking taman santun mijil, lajeng ing lampahira.

6. Kuneng gantya kawuwusa malih, lampahira Raden Kartajaya, lan sampun prapta lampahe, nagri Ngastina laju, tinimbalan manjing jro puri. Sangkuni lawan Duma, wus mLinggeng ing ayun. Wau Raden Kartajaya, lawan Raden Durmuka ngaturken tubs, tinampan ing Sang Nata,

7. gupuh denya wau nupiksani. Wusnya tutug ing pamaosira, serat sinLingaken age, marang Sangkuni sampun, tinupiksa raosing tulis, Sangkuni lawan Duma, ngLingun samya jetLing. Sang Prabu alon ngandika, eh ta Paman banget rentenge tyas mami, padha dika pikira,

8. ing banjure lalakon puniki, punapa ta Paman budi daya, minta sraya lamun oleh, ratu ingkang dibya nLing, lan satriya kang guna sekti, ingkang pesthi kaduga, ing prang kang tLimangguh, mateni si Dananjaya, punapa ta putranta si Adipati, kinen mundur kewala.

9. witne Paman rasane tyas marni, banget merang lamun ngundurana, iya ing lalakon kiye, nora kena sun suwun, kudukudu Paman ngulati, ngupaya minta sraya, ratu kang dibya nLing. Resi Duma aturira, angupados minta sraya dhateng pundi, yen pangraos kawula,

10. ratu sabrang miwah tanah Jawi, destun namLing kadya Sang Dipatya, ing aprang kasudibyane, prawiraning prang pupuh. Lamun dhawah Tuwan Sang Aji, lalampahan punika, sanget leresipun, kajawine saking awrat, sayektine Pandhawa sami nututi, gitik nagri Ngastina,

11. wus tinarka lamun wedi giris, tiekanan wong telu kewala, yekti lamun larut bae, wus kawus ambaluwus, mangsa



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dadak bisa amatil, dhasare si Janaka, mangke saya wuwuh, ing gana kasaktenira, kesahipun gangsal warsa kula dugi, antuk guguru anyar,

12. saged karya bawuring ngajurit, mila sanget ladak ngidak-idak, mLing rinewang jegrang bae, mLingsuhe lebur tumpur, tarLing sami rewang pribadi. Sang Prabu duk miarsa, Durna aturipun, saya ribed sru sLingkawa, kaya paran Paman gonira ambudi, sapa kang sun aduwa,

13. yen wus kasor Yayi Adipati, Ngawanggha lan Harya Jayadrata, Kurawa kang kari maneh, kang seket wus kaplayu. Resi Durna umatur ans, liya Raka Paduka, ing Mandura prabu, nenggala lugoranira, mLing punika gagaman ingkang nedhasi, dhateng pun Dananjaya.

14. Lampah punika pan wangsul malih, kadya ing nguni pun adipatya, kang darbe lampah yektine, dhateng Mandura prabu, angaturna tangisireki, inggih pun Burisrawa, akanthi pukulun, serat pasrah padukendra, dadya kalih lawan serat ingkang saking, Adipati Ngawanggha,

15. ngaturana Raka Paduka Ji, ing Mandura tan liya punika, lampah punika lajenge. Kaya paran sireku, Adhi Patih lamun duweni, pikir kang ngluwihana, kang kaya tur ingsun. Harya Sangkuni sahurnya, lamun ingsun wus tan ana malih malih, Iyan kang lir aturira,

16. malah malah dhangan sapuniki, Prabu Baladewa pangukupnya, mring Burisrawa arine. Sri Padmanaba prabu, lair batin lila sayekti, pejahe si Janaka, gih sinten wongipun, yen boten sanget runtiknya, darbe kadang wanudya ngantos kinardi, garwa sawenang-wenang,

17. nilar kesah ngantos gangsal warsi, mila sampun ngantos katanggelan, lampah punika badhene, kadosaduk rumuhun, Kurawa kang kantun sepalih, tumuta ing kawula, kaprabon prang pupuh. Umiring pun Burisrawa, yen kawula pribadi ingkang lumaris, dhateng nagri Mandura.

18. pesthi lamun kadya kang rumiyin, lajeng bidhal sakapraboning prang, mring Dwarawati lampahe, nguntalken pejahipun, ingkang aneng kunjara wesi. Durna guguk turira, punika Sang



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Prabu, pan sampun sami kewala, aturipun Adhi Patih Sangkuni, lawan atur kawula,

19. sae lajeng dinten benjing-enjing, angkatipun mring nagri Mandura, dinten pareng lan tanggale. Ngandika Sang Aprabu, Paman Patih karya tulis, kang dadya aturira, mangkata kang esuk, sakarine sutanira, ing Ngastina den padha samekteng jurit. Kya Patih tur sandika.

20. Lawan dhahyang Durna sareng mijjil, saking pura lajeng paparentah, Kurawa ing sakarine, saengga ing prang pupuh. Pan ing dalu datan kawarni, enjing sampun samekta, sagagamanipun, aneng alun-alun aglar, Kyana Patih lan Durna manjing jro puri. Rahaden Burisrawa.

21. Sampun mLinggeng ngarsaning narpati, nelas wulangira Sri Narendra, lan dhahyang Durna wulange. Dyan Burisrawa sampun, tinampanan marang Apatih, Sangkuni lajeng medal, saking jro kadhatun, prapteng Jawi lajeng budhal, saha bala saking Ngastina nagari, gumuruh gLinging bala.

22. Tan kawarna laminireng margi, pan cinendhak lampahira prapta, jajahan ing Mandurane, Patih Pragota gupuh, tur uninga marang jro puri, lamun Sangkuni prapta, bala Kurawa gLing, bekta Raden Burisrawa, lampahira sakapraboning ngajurit, kendel jawining kitha.

23. Prabu Baladewa duk miarsi, langkLing kagyat sru dennya ngandika. Pragota banjuma age, aja kasuwen iku, lamun Patih Harya Sangkuni. Pragota tur sandika, sigra budhalipun, methuk duta ing Ngastina, prapteng Jawi kitha Sangkuni wus kerid, gumuruh balanira.

24. Prabu Baladewa sampun mijil, saking pura lenggah panangkilan, Sangkuni tumundhuk age, marang ngarsa Sang Prabu, ngaturaken serat kakalih, Rahaden Burisrawa, ngraup-pada gupuh, seket Kurawa Ngastina, pan kumrubut sadaya samya ngabekti, mring Prabu Baladewa.

25. Wusnya tata lenggahira sami, amLing Burisrawa dereng kesah, saking ngarsa ing linggihe, tumLingkul senggruk-senggruk, miwah Kyana Patih Sangkuni, lan Kurawa sadaya, pra samya tumLingkul. Garjita Sri Baladewa, aningali Burisrawa wus andugi,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

serat lajeng binuka,

26. kalih pisan sinukma ing galih, wus kadriya raosing nawala, ngandika sarta gujenge, angentrog wentisipun, eh ta Paman Harya Sangkuni, baya pun Burisrawa, sampun pasthinipun, jinodho lan pun Sumbadra, pan ing nguni Yayi Prabu Dwarawati, kang sanget dennya awrat,

27. mring pun Dananjaya temah kardi, sayembara kinarya papalang, binotan ing pamundhute, ing mangke Yayi Prabu, wus ambilasaken sayekti, patine pun Janaka, ing saderengipun, gesang wus sasat palastra, pun Arjuna kapusthi ing ngasta marni, mati dening nenggala.

28. Kula Paman budhal benjing-enjing, bekta putranta pun Burisrawa, abdi kula sadayane, sampun wonten kang kantun, kula bekta mring Dwarawati. Sangkuni aturira, dhasar dhawuhipun, Rayi Paduka Ngastina, kinen dherekaken ing Sri Paduka Ji, labuh yuda kenaka.

## 8. PRABU BALADEWA PERANG KALIYAN RADEN JANAKA MALIHAN

PANGKUR

pati, den samekta ing prang pupuh, sun budhal benjang-enjang, ingkang kari tLinggu nagari gustimu, si Wilmuka lan Wisatha, rumeksa ibunireki.

2. Pragota matur sandika, Prabu Baladewa kondur mring puri, Kurawa makuwon sampun, bubar ingkang sewaka. Kuneng wau enjinge samekta sampun, Kurawa myang wong Mandura, sakapraboning ngajurit,

3. Sri Bupati ing Mandura, sigra ngrasuk busana nulya mijil, titihan sumaos sampun, dipangga puspadenta. Kyana Patih Pragota tengara sampun, budhal panganjuring lampah, Prabawa pangirid baris.

4. Lawan sagLing pra dipatya, Prabu Baladewa sampun anitih, dipangga puspadenta gLing, kawot kapraboning prang, wa-



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dya ing jro kawan atus mLinggeng yun, pra sami busana abra, sikep gagamaning jurit.

5. Kawan atus mLinggeng wuntat, Kyana Patih Pragota kang nindhihi, Kurawa mLingkasi pLingkur. Rahaden Burisrawa, mLinggeng kuda ingayap prajurit agLing, kalawan rekyana patya, Sangkuni pan datan tebih.

6. Ingkang sumambLing ing wuntat, Citrajaya lan Raden Citragata, lawan Citrasudargeku, Citrarasa lan Citraksa, Citrajengga lawan Citrawidig gyeku, Citrasena lan Citrakswa, Citrayuda lan Citraksi.

7. Cinendhak pan sampun prapta, sajawine kitha ing Dwarawati Narpati Karna gya methuk, miwah sagLing Kurawa, tundhuk nembah mring Sri Baladewa prabu, langkLing sami sukanira, tatanya samargi-margi,

8. tingkahing prang Dananjaya, denya karya bawure ing ajurit. Narpati Kama wot santun, katur sasolahira. Prabu Baladewa gumujeng anggupuk, tundha-tundha pamethuknya, pLinggawa ing Dwarawati,

9. wekasane pamethuknya, Raden Samba lawan Raden Setyaki. Sang Prabu ngaturan laju, marang ing panangkilan, Rayi Dalem angantosi sampun dangu, lenggah mLinggeng panangkilan. Sri Baladewa nulya glis.

10. tengara lajeng lampahnya, saha bala ngalun-alun wus prapti, piyak bala kang penganjur. Sang Prabu Padmanaba, gupuh tedhak methuk sajawining tarub, wus tundhuk lawan kang raka, astane lajeng kinanthi,

11. aris denira lumampah. Sapraptane kalih bangsal pangrawit, lenggah ing dhadhampar sampun, Sangkuni lawan Kama, ingkang tumut lenggah sanginggil binatur, Kurawa sadaya ngandhap. Wau ta Sri Narapati,

12. sawusira sinambrama, Prabu Baladewa mesem denya ngling, Yayi Prabu praptaningsun, Dwarawati nagara, marma gupuh ingsun tampa layangipun, arinta Sri Duryudana, layange rupa kakalih,

13. kang siji nawalanira, masrahaken marang arinireki, si Burisrawa maringsun, utawa maring sira, lestarine dhaup lan ari-



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nireku, iya si Wara Sumbadra, kang siji layangireki,

14. arinira ing Ngawanggha, tur uninga denya mring Dwarawati, ing sasolah tingkahipun, denya lumaku duta, iya nyuwun si Sumbadra lulusipun, dhaup lawan Burisrawa, Yayi Prabu wus nampeni,

15. denya wus prasasat randha, nora suwe si Dananjaya prapti, dumrojog marang ing ayun, pan meksih ngumbar kunca, ngogleng keris bebeneri lampahipun, nerak sagLing kang sewaka, akeh kasampar ing sikil,

16. akeh kasampe lembeyan, prapta ngarsanira nembLing tan aris, saru ing panjalukipun, iya maring Sumbadra, Yayi Prabu ngejepi Kurawa nubruk, marang si Janaka kena, binanda datanpa budi,

17. linarak marang ing jaba, rinarejeng ucul bandanireki, Kurawa akeh binawur, rame prang padha rowang, akeh tatu arinta Ngawanggha kantu, mLing tinebak jajanira, lan si Harya Sindupati,

18. kinembulan ing ayuda, nora ana gagaman kang nedhasi. Yayi Prabu "banget bendu, tedhak mangayat cakra, si Janaka mendhak-mendhak asrah lampus, nora lumawan ing aprang, dadya Yayi Prabu lilih,

19. krodhane nora tumeka, nanging banjur sira kunjara wesi, sarta Yayi Prabu dhawuh, lamun Kurawa bisa, amateni si Janaka pesthi dhaup, Sumbadra lan Burisrawa, iku den asrahken mami,

20. patine si Dananjaya, apa nyata mengkono sira Yayi, ing sayembaranireku. Kang rayi aturira, inggih yektos lamun makaten pukulun, dene ta paduka karsa, tutulLing ing Kurawa Ji,

21. iriejahi pun Dananjaya. Yen kawula sampun boten kadugi, yen amriha pejahipun. Sang Prabu Baladewa, eh ta Yayi sira den ecaa lLingguh, sun temonane kaya pa, kang aneng kunjara wesi.

22. Sri Baladewa gya tedhak, mring kunjara wesi Kurawa ngiring, Narpati Karna tut pLingkur, myang Harya Jayadrata, pan sadaya angliga gagamanipun. Wus prapta goning kunjara, bakuh kuncine pinati,

23. Sri Bupati ing Mandura, sru anguwuh-uwuh saking ing Jawi, e



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jawi, eh Janaka ingsun rawuh, kakangmu ing Mandura, banget kangen mring sira tan bisa mlebu. Eh Janaka kaya ngapa, rasane kunjara wesi,

24. apa peteng apa padhang, apa panas rasane apa atis. Kang aneng jro sahuripun, raose kang kunjara, inggih panas lawan langkLing petengipun. Guguk Prabu Baladewa, ya lumrah bae sireki,

25. meksih ngrasa peteng panas, pawariane sira tas lLinga saking, don lalana limang taun, luwih kasaktenira, bisa bawur ing mLingsuh ing aprang pupuh, pa gene sira tan bisa, iyeku metu pribadi,

26. saka sajroning kunjara. Ingkang mindha Parta mesem nahuri, kunjara kekah kalangkLing, paranta yen sageda, ewa dene yen tuwan kang ngaken metu, sayektine kula medal, saking ing kunjara wesi.

27. Sang Prabu kagyat miarsa, lingira kang aneng kunjara wesi, krodha sru denira muwus, babo dene diksura, lamun sira bisa metu dhewe iku, saka sajroning kunjara, sayekti ingsun guroni.

28. Kang aneng jroning kunjara, sigra mijil saking kunjara wesi, ngadeg mLinggeng ngarsanipun. Kagyat Sri Baladewa, pra sentana Ngastina sadaya jetLing, miwah sagLing pra dipatya, samya jenger tan kena ngling.

29. Sri Baladewa tinebak, jajanira tiba gumuling siti, wLingu pLingun-pLingun jetLing, miwah sagLing Kurawa, pra dipati jenger sadaya anjetLing, Pragota lawan Prabawa, jetLing datan bisa angling,

30. cinolok matane gundam. Kaget sagLing Kurawa alok sami. Endi mau endi mau, katingal kang amindha, sampun mLinggeng satengah waringin kurLing, Semar Bagong neng wurinya. Sri Baladewa sru angling,

31. Eh ta sagLing ing Kurawa, aywa ana kang milu magut jurit, ingsun dhewe kang umagut, ingsun nadyan kasora, padha siji aja na ingkang tutulLing, mLing sun jaluk surakira, lan kepLingen saking tebih.

32. Wusnya ngling Sri Baladewa, nyandhak alu gora Limangsah aglis, Kurawa sadaya ngepLing, saking ing katebihan, saha bala



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sarta suraknya gumuruh. Sri Baladewa susumbar, eh Janaka dipun aglis,

33. papagena tandanging wang, wurLing biyen yekti yen sida iki, kerasa ing astaningsun, katiban alu gora. Ingkang mindha mara ngadeg ngarsanipun. Krodha Prabu Baladewa, gregut sigra anibani,

34. lu gora sru pangrasanya, mLingsuh sampun luluh ajur wor siti, tiningalan meksih wutuh, ngadeg neng ngarsanira. Pining kalih pangrasanira wus ajur, katon meksih mLinggeng ngarsa. Krodha nyandhak nenggala glis,

35. gineyat janggane pagas, tiningalan maksih ngadeg neng ngarsi, pining kalih meksih wutuh, pining tiga tan obah. Prabu Baladewa langkLing krodhanipun, kang mindha sigra cinandhak, sinabetaken waringin,

36. wus renyuh pangrasanira, gya binuwang katon neng ngarsa malih. Kurawa surak gumuruh. Kuneng kang lagya aprang, aneng alun-alun gantya kang winuwus, Larasati lampahira, kang dinuta tanpa kanthi.

## 9. CEKEL ENDRALAYA DIPUN TIMBALI DEWI WARA SUMBADRA

KINANTHI

1. Kang tapa binekta sampun, marang niken Larasati, neng marga akarya beka, tinuntun agLing ngrubuhi, lumaku ngarsa tan arsa, wus prapta Banoncinawi,

2. apan ta meksih tinuntun, sempoyongan angrubuhi, dhoko denira lumampah, apan ta tinuntun malih. Larasati asru nyentak, den culken astanireki,

Sang Dyah kumepyur tyasira, mulat warnane kang prapti, biru erem kang wadana, nanging kukuwLinge meksih,

4. tumLingkul lLingguhe timpuh. Sang Retna ngandika aris, bageya kang lagi prapta. Mila sira sun timbali, saking susahe tya-sing wang, ingkang mau susah marni,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. iya musnane gustimu, pamecanira ing nguni, besuk rawuh Kangjeng Paran, yen nagara Dwarawati, katekan ing banjir bandhang, ingsun sira kon den aglis,

6. anitiha palwa gabus, yen banjir ing Dwarawati. Dene ta pamecanira, Kangjeng Paran sugeng maksih, buh lawas enggalan neya, sira wekca bakal prapti.

7. Kasaru ing rawuhipun, gustimu kang musneng latri, jujug aneng panangkilan, prapta ngumbar kunca meksih, nerak sagLing kang sewaka, tembLinge rada tan aris,

8. denya anyuwun maringsun, dadya Kakang Prabu runtik, ngejepi marang Kurawa, jeng Paran tinubruk keni, binanda duk kang kinarya. Dupiarsa den pateni,

9. ucul banjur soroh amuk, wong Ngastina pothar-pathir, linawan tanpa. gagaman, Kakang Prabu angawaki, tedhak ngayat cakranira, jeng paran ngesrahken pati,

10. nora lumawan ing pupuh, dadya kinunjara wesi, adhawuh mring wong Ngastina, lamun bisa amateni, wong Ngastina mring Jeng Paran, pinaringken awak marni,

11. ing samangsa mangsanipun, marma ge si Larasati, sun kongkon nimbali sira. SapLingkure nuli prapti, Jeng Kakang Prabu Mandura, sakapraboning ngajurit,

12. Kakang Prabu ingkang sanggup, mring Jeng Paran amateni, apan ta diminta sraya, marang Prabu Kurupati, marma gawa Burisrawa, ing gahh ginawe pasthi,

13. mring Jeng Paran sedanipun, temahan bisa pribadi, meta saka ing panjara, prapta mengko maksih jurit, lan Kakang Prabu Mandura, durLing ana sor sawiji.

14. Pamecanira karuhun, apan wus kalakon mangkin, Kangjeng Paran rawuhira, nanging maksih dadi sedhih, balik ta parentahira, ingsun sira kon den aglis,

15. anitiha palwa gabus, yen banjir ing Dwarawati, paranta wahananira. Endralaya matur aris, banjir bandhang dadosing prang, praptane sagLinging baris.

16. Kang palwa gabus puniku, dene ta praptanireki, rakanta saking ing Paran, teka jujug Pancaniti, boten lajeng dhateng taman, panggih lan Sang Raja Putri,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

17. punika tegesing gabus, kalantur ngantos samangkin, lalu ing pangarsa-arsa. Ngandika Sang Raja Putri, iya bener aturira, Jeng Paran ngowah-owahi,

18. lan ing saben-sabenipun, yen mentas lalana lami, nora tan jujug ngarsa, pesthi jujug taman sari, pan ing kono kaya Paran, budinira kang sayekti,

19. slamet lawan noranipun, aja kongsi anemahi, ginepok sariraning wang, marang wong liyane saking, pangajap pan ingsun tawang, pesthi sun palahur mati.

20. Cekel Endralaya matur, weca punika kakalih, wonten geger jro kurLingan, nagari ing Dwarawati, ingkang dados pangaubban, pan inggih galinggang aking,

21. tuwuh wonten jro kadhatun. Sang Retna ngandika aris, paranta wahananira, galinggang tuwuh jro puri, dene dadi pangaubban. Endralaya matur aris,

22. kawula ajrih umatur, tegese galinggang aking, meksih piningid ing dewa. Sang Retna ngandika aris, ya wis lamun nora kena, nanging ta sarira mami,

23. slamet lawan noranipun, miwah ta kang lagi jurit, kapriye panawangira. Endralaya matur aris, inggih wilujeng kalihnya. Sang Retna ngandika malih,

24. Lara apa sira iku, dene sasuwemu linggih, pijer ngeruntuh kewala. Endralaya matur aris, telas sarira kawula, tinedha ing gudhig wesi,

25. mila tan kendel ngreruntuh, sakit gatele nglangkLingi, ting sarenut panas uyab, ting carethil ting prakinting. Sang Retna malih ngandika, apa nora kotambani.

26. Sampun pinten-pinten dhukun, kang tutulLing asLing jampi, sadaya madal kewala, nunten kawulangsal wangsit, jajampi kang nyarasena, ngupados boten kadugi,

27. ingkang pesthi sarasipun, jajampining gudhig wesi. Lah ta mara ucapena, tamba wawarahing wangsit, ingkang pesthi marasena marang ing gudhigireki.

28. Yen ing wangsit sepahipun, Putri Adi ingkang lair, dinten garakasih nLingsang, kalLing usus sareng bingbing. Sang Retna ngLingun miarsa, apan balaka Sang Putri,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

29. anglakoni dadi dhukun, jatine ingsun pribadi, ingkang duwe kalairan, kang kaya wuwusireki. Endralaya angrarepa, ila-ila ingkang abdi,

30. yen ngantosa kamipurun, jinampen ing Sang Retna Di, luwLing teksiha kewala, gadhah sakit gudhig wesi, sadasa kula sarasa, agawe saruning bumi,

31. Putri Adi dados dhukun, aluwLing teksiha sakit. Sang Retna alon ngandika, aja sira walangati, apanta wis ingsun sedya, atulLing marang sireki.

32. Mara ta cucula gupuh, klambimu sun arsa uning, ing wamane gudhigira. Endralaya matur aris, dhuh Kusuma nuwun duka, yen ngantosa cucul klambi,

33. boten betah sakitipun, rasukan sadaya sami, sampun karaket ing jitah, nanah gudhig ingkang garing. Sang Retna malih ngandika, apa ta sajegmu urip,

34. nora tau tau adus, klambi kongsi wor lan gudhig. Inggih sampun gangsal warsa, boten nate dimik warih, airih ing asrep kalintang. Sri nataning dyah lingnya ris.

## 10. DEWI WARA SUMBADRA NGEDUSI CEKEL ENDRALAYA

SINOM

marang pakiwan, dusana banyu kang bening, kumen neng kulah dhingin, jitahe dimen baludhuk. Larasati tur sembah, bok inggih kajenge Gusti, yen tineles mendah dene ambetira.

2. Iya mulane dusana, dimen suda ambuneki. Larasati latah mojar, dadi gawe ya si Gudhig, lah ta payo den aglis, sun tuntun aja sok rubuh, awakku katularan, ing krumane gudhig wesi, akerogen sawengi tan antuk nendra.

3. Endralaya datan obah, misih tumLingkul alinggih, gya cinandhak astanira, mLing ciniwir driji kalih, kinipataken aglis, saya tumLingkul dhekukul. Sang Retna Ion ngandika, becik nganggo sira dusi, dimen suda iya gatele ing kruma,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

4. mengko nuli tamba sepah, lamun gudhigmu wus resik. Endralaya aturira, dhuh Gusti Sang Kusumadi, inggih sandika Gusti, kalamun asta kang alus, kinarya nuntun kula, boten sakit dhateng gudhig, de bok selir astane kalangkLing kasap,

5. kinarya nuntun kawula, yekti mlecetaken gudhig. Larasati jengek mojar, e sira mada mrig mami, lah ta dulunen iki, alus epek-epekingsun, tan kaya tanganira, ting palepuh ting pranyinyih, drijinira nganti nora bisa megar,

6. dhempet karaket ing jitah. Sang Retna ngandika aris, lah payo ingsun kewala, kang nuntun marang sireki. Nulya tinuntun aglis, Endralaya angruruntuh, tumindak sempoyongan, neng marga tansah ngrubuhi, lampahira dadya nglendhoti Sang Retna.

7. Sapraptanira ing jamban, Sang Retna ngandika aris, lah mara sira kLingkuma, aneng kulah kono dhingin, mengko ge den bilasi, jitahe yen wus baludhug, nuh atamba sepah. Endralamatur aris, boten susah mawi kLingkum toyeng kulah,

8. lamun sampun mawi tamba, sepah Paduka Sang Putri, punika cemplLingna toya, nuh siramna ing mami, sakiting gudhig wesi, bilih wonten sudanipun, pinten banggi yen saras, dene sampun dados wangsit. Sang Kusuma mesem ing tyas sigra mucang,

9. sepah wus cinur neng kulah, Sang Retna ngandika aris, lah Endralaya ta sapa, ingkang sira kon ngedusi, apa si Larasati, apa ta ingsun kang muwLing, apa ta karepira, iyeku adus pribadi. Sahurnya lon, pundi ingkang gadhah sepah,

10. punika kang ngedusana, makaten ujaring wangsit. Sang Retna malih ngandika, dadi ingsun kang ngedusi. Anyandhak siwur aghs, Endralaya gya winuwLing, siniram duk sapisan, luntur gudhig awor warih, pining kalih gogrog gudhige sadaya,

pining tiga paripurna, pulih kadya wingi uni, tilasing gethek gudhig, wus tan ana tabetipun, sarira kang katingal, gumebyar lir mas sinangling, mLing cacade remameksih banget gimbal,

12. lan nyamping rasukanira, meksih sami waring langking. Sang Retna aris ngandika, eh Larasati den aglis, pundhutena pisalin, kalawan bersihaningsun. Ken Larasati sigra, mundhut pasalin wus prapti, lan bersihan katur ngarsane Sang Retna.



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

13. Alon deniran gandika, eh Endralaya den aglis, lelengana jujLingkata, nulia salina nyamping, bathik sinom pangrawit, tigas bakal ageming sun. Endralaya turira, ujaring wangsittan keni, yen salina wonge ingkang jLingkatana,

14. liyane kang darbe tamba, nyarasaken gudhig wesi, lan malihipun Sang Retna, punika paring pasalin, bathik sinom pangrawit, mendah dene kasapipun, dereng kangge sapisan, yen kedah-kedah sayekti, amaringi pasalin dhateng kawula,

15. inggih sampun katanggelan, kampuhe limar petangi, celana cindhe puspita, ubed rendane sanyari, ingkang kula remeni, beludiran sabukipun, sekar patrap kusuma, dhasaripun bludru wilis, kulukipun magak biru sawatara,

16. dhuwLinge tinatur raga, gombyokipun sekar gambir, inganggit winarna tiga, ketongkeng lawan melatili, wekasaning panganggit, cepaka putih sinLingsun, sumping mas rinumpaka, ing sekar myang sosotya di, lawan lisah jayeng katong gandanira.

17. Dadya ris denya ngandika, eh Endralaya sayekti, kabeh-kabeh iya ana, busana kang sira rani, nanging agemireki, gustimu kang musneng dalu, saben-saben sewaka, mring Ngamarta nora salin, amLing iku karemenane Jeng Paran,

18. lawan sira jaluk lenga, Jayeng Katong nora kena, liyane ingkang nganggowa, jabane kang musneng latri, wus sasat wis mandi, pesthi yen badane luluh. Endralaya turira, lamun dereng den lilani, mring kang darbe pantes badane lonyoha,

19. mring kula sayekti tawa, ujar sampun den lilani. Sang Retna kagyat miarsa, apan gonira kapanggih, lawan kang musneng latri. Inggih kala angkatipun, saking ing Madukara, kampir ing Banjar Melathi, welingipun inggih dhumateng kawula,

20. besuk lamun siraprapta, ing nagara Dwarawati, manawa sira den undang, iya marang garwa mami, iya ingsun lilani, nanggo gem-agemaningsun, sanadyan silih lenga, Jayeng Katong sun lilani. Ewadene lamun ajrih Sang Kusuma,

21. kawula inggih sLimangga, sarehning boten wineling, kawula pamit kewala, mantuk mring Banjar Melathi, aranta karya mami, dados pitakenan sampun, inggih sinten kawula, purun tinuntun Sang Putii, yen sampuna rumaos wus antuk rila,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

22. dhateng bok selir kewala, mangsa puruna wak mami. Sang Retna osik kang driya, dudu wadine wong iki, kaya na kang nyurupi, barang tingkah polahipun, yen nora sun turuta, sayektine lamun purik, pan ing kene durLing wis ing karyanira.

23. Kaya den gunani apa, ingsun marang ing wong iki, teka gelem gegepokan, iya nora duwe wigih, kudu-kudu nuruti, barang panjalukanipun, malah-malah tyasing wang, nadyan den kona ngabekti, kaya-kaya ingsun turuti kewala.

24. Dadya lon denya ngandika, eh Endralaya den aglis, baya wus karsaning dewa, lalakone awak mami, ing kene sun jLingkati. Gya cinandhak remanipun, ingkang gimbal tinata, kang bundhet sinuwir-suwir, pan ingelus ing jLingkat suri lan lenga.

25. Apan wus tatas sadaya, rema nulya den tangsuli, gya ginelLing supit urang. Larasati aningali, marang gustinireki, rahabe panggepokipun, mring Cekel Endralaya, nora mantra-mantra wigih, anyerati rema wus saengga garwa,

26. miwah denya mulasara, jetLing niken Larasati, ngLingun sarwi sangga uwang. Wau ta Sang Raja Putri, dangu-dangu ningali, toh putih sasaban rambut, cirinira kang musna, neng nginggil talingan kering, Sang Kusuma ngLingun ing tyas nawLing brangta.

## 11. CEKEL ENDRALAYA BADHE KAABEN KALIYAN RADEN JANAKA MALIHAN

### ASMARADANA

wukir pangLingune, nora lidok tangguhing wang, yen wong iki gadhLingan, duk lagi prapta ing mau, ingsun wus duwe grahita.

2. Tinuntun si Larasati, mopo mada tangan kasap, sun tuntun sumrindhil bae, lawan rahabe tyasing wang, kaya wong keneng guna, gepok-ginepok tan keguh, tangan ingsun gupak nanah,

3. angrangkul wong gudhig wesi, amis bacin ingsun cipta, jebat kasturi gandane, jLingkati nora sumelang, nata remane gimbal, pinuju sasuwenipun, durLing mesem-mesem ing wang.

4. Nanging semune wong iki, durLing arsa yen babarna,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

meksih remen dadi Cekel, upama ingsun babarna, menek galihe cuwa, durLing tutug karsanipun, becik sun tambuh kewala.

5. Ana apa ngoko mami, sayekti tan dadi apa, apanta karsane dhewe. Eh Larasati den enggal, pundhutna agemira, gustimu kang musneng dalu. Larasati mundhut sigra,

6. wus prapta katur Sang Putri, eh Endralaya kene ta, sira sun kampuhi dhewe, iki gem-agemanira, gustimu ingkang musna. Kang mindha osiking kalbu, apa ta wus anggrahita,

7. tyase biyang Kulup iki, teka ñora nganggo taha, panggepoke marang ing ngong, upama wus anggrahita, mangsa dadak kenaa, sineret sayekti kudu, mengakake lawang suka,

8. ewuhing panduga marni. Mangkana wusnya sampurna, denya maharjeng pangangge, tata pra samya alenggah. Larasati tumingal, langkLing denya jetang-jetLing, nanging maksih kaya-kaya,

9. osiking tyas sira, endi, ingkang dudu Kangjeng Paran, basa wis anganggo-anggo, nanging lamun pangerame, mangsa dadak Sang Retna, waniya ngoko ing tembLing, ewuh ing panduganing wang.

10. Sang Retna ngandika aris, eh Endralaya mangana, sayekti yen sira luwe, lumaku teka pratapan. Endralaya turira, inggih kalamun pinuju, lawan tetedhan kawula.

wa adune. Endralaya aturira, sekul liwet angetan, sokanandi pantunipun, sinosoh wose kewala,

12. jangane jangan kaluwih, sambel sunthi trasi abang, lalabe kacang geleyor, ulamipun tigan ayam, cemeng mulus nembeyan. Sang Retna ngandika arum, eh Larasati den enggal.

13. Ing kono lan para cethi, ngliweta sarta kelana, apamau sasetane, aja kongsi kukurangan. Larasati sandika, lan sagLing parekanipun, lah-olah mateng sadaya,

14. linadosaken ngarsa ghs, toya bokor lan lantingan, pan kinarya wisuh kabeh. Telas toyane biabaran, pan dereng dumuk sega. Kasaru rawuh Sang Prabu, gugup Sang Retna ngandika,

15. Lah den age Larasati, Endralaya umpetena, aneng kamaringsun kono. Endralaya gya binekta, rawuh Sri Nara Nata. Wusnya lenggah Sang Aprabu, ningali toya belabar,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

16. Lah ta banyu apa iki, aneng ingjogan balabar. Sang Retna matur wot sinom, Pukulun kawula mentas, ngingon-ingoni rencang. E Sumbadra ingsun tutur, Kakang Prabu ing Mandura,

17. ing mengko wus ramejurit, iya lawan si Janaka, nanging tan wurLing kasore, kakangira ing Mandura, yektine Yayi sira, jinaluk marang bojomu, ginawa mring Madukara.

18. Ananging tyasingsun Yayi, teka saya tan kepenak, mulat bojomu tingkahe, dene banget gone owah, lawan ing sabansaban, pratingkahira prang pupuh, seje karo duk ing kuna,

19. dhemen ngubalaken sekti, ngetokake kasudiran, ing aprang kaluwihane, ananging ta kaya apa, gonira tan meluwa. Sang Retna nembah umatur, pukulun duk praptanira,

20. Dipati Ngawanggha nguni, saking sLingkawaning driya, abdinta kawula kengken, pun Larasati punika, ngupados pitakenan. Pukulun wecaning dhukun, rawuhipun Kangjeng Paran,

21. yen nagari Dwarawati, katekan ing banjir bandhang, punika kawula kinen, inggih anumpaka palwa, gabus baitanira, punika wahananipun, banjir bandhang dadosing prang,

22. baita gabus pan saking, rawuhipun Kangjeng Paran, tan arsa jujug kaputren. Lan mahh pamecanira, kang tan saged narbuka, meksih piningit dewa gLing. Yen geger jroning kurLingan,

23. nagari ing Dwarawati, punika wonten gahnggang, ingkang tuwuh ing kaputren, inggih gahnggang punika, kang dados pangauban. Kagyat ngandika Sang Prabu, lo dene adakik mana,

24. wecana dhukunmu Yayi, lah ing ngendi wismanira, lan sapa iku jenenge. Namanipun Endralaya, wismanipun ing arga, ing Banjar Mlathi pukulun. Sang Prabu suka miarsa,

25. dene iku nora tebih, nuli sira timbalana, ingsun arsa wruh rupane, dhukunmu ingkang ameca, praptaa ngarsaning wang. Sang Retna emeng ing kalbu, dadya umatur prasaja,

26. Pukulun Sri Narapati, sayektosipun samangkya, sampun neng ngriki enggone. Sangsaya suka Sang Nata, sokur lamun wis ana, timbalana ngarsaningsun, dhukunmu Yayi kaya pa.

27. Sang Dyah noleh Larasati, sigra denya manjing kamar, nimbali Endralayane, wus kerid ing ngarsa nata, tumLingkul denya lenggah, Sri Padmanaba gya mLingkur, sarwi sidhakep astanya,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

28. Dhuh wurLing wong awak marni, kalebon dhukun gadhLingan. Eh Sumbadra kaya priye, dhukun sisimpenanira. mengkorio si rupanya, dudu rupaning dhudhukun, jenthara kaya Arjuna.

29. Nanging bok manawa yekti, bisa marasake lara, iya lara apa bae. Majeng malih denya lenggah, sarya lon angandika, Eh sapa aranmu dhukun, lan ing ngendi wismanira.

30. Wismamba Banjar Melatili, nama Cekel Endràlaya. Sang Prabu anulya megos, mengkono si jenengira, lah iya Endralaya, ingsun tatanya satuhu, pa gene sira ameca,

31. nagara ing Dwarawati, geger lan ana galinggang, aking tuwuh ing kaputren, ingkang dadi pangauban, apa maido sira, si Janaka praptanipun, kale nyata wus tetela,

32. pratandha Semar umiring. Endralaya aturira, inggih boten amaido, ananging kawula gadhah, pukulun uran-uran. Mesem ngandika Sang Prabu, ya mara ura-uraa,

33. pan ingsun arsa udani, kayapa ran-uranira. Endralaya manggLing age, swara rum angglag ngumandhang, wat esmu katawengan, ngubayanira ing dangu, larasmaranira dahat,

34. kramanya manggada nenggih, pan tuhunira kawekas. Tegesipun sadayane, nenggih esmu katawengan, pan ragi kalimputan, ubayanira ing dangu, janji ingkang kuna-kuna,

35. kramanya manggada nenggih, dene larasmara dahat, pan sampun pinesthekake, tan kena yen ingowahan, pakramaning manggada, tetepe ing dhaupipun, dene tuhuning wekasan,

36. tan kena yen den owahi, ing jangjine wong atuwa, kang sampun winelingake, kala Prabu Pandhu Dewa, Nata ambekta putra, ingkang pamadya pinundhut, ing Raka Nata Mandura,

37. putrì Mandura wuragil, pinangku neng pupu kiwa, Parta neng pupu tengene. Lingira Basudewa, Yayi Prabu Ngastina, putranta diwasanipun, Kaki Parta sampun krama,

38. yen tan antuk putra marni, si Sumbadra iki apan, pastina dadi jodhone, si Sumbadra aywa krama, yen tan dhaup lan Parta. Prabu Padmanaba jumbul, sarwi latah angandika,

39. Eh Ki Dhukun ladak batin, napuk rai ran-urannya, Sumbadra ingsun wurLing wong, dikabruki dhukunira, si Cekel



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Endraiaya, uran-urane anuntimg, angelehake maring wang.

40. Lah ta sira apa wani, upama ingsun aduwa, prang tandhing lan ipening ngong. Endraiaya aturira, inggih sinten kawula, kumawani ing prang pupuh, lawan ipe Padukendra,

41. pan kawula tiyang alit. Ewadene yen paduka, ingkang dhawuh ulun kinon, sagah pan dereng kantenan. Sang Prabu langkLing suka, eh Sumbadra dhudhukunmu, wani durmaning ngalaga.

## 12. CEKEL ENDRALAYA BADHAR RADEN JANAKA

**DURMA**

1. Ingsun pundhut dhukunmu si Endraiaya, ingsun adu prang tandhing, lawan si Janaka. Endraiaya cinandhak, astane sigra kinanthi, binekta medal. Prapta ing Pancaniti,

2. samya kagyat jetLing wong sapanangkilan, mulat ingkang kinanthi, mring Sri Padmanaba, dene ta wus Arjuna, lah ta endi kang sayekti, apa kang aprang, Partane apa iki.

3. Ya ta wau Sang Aprabu Baladewa, kang maksih rame jurit, pan wus sänget sayah, dene ta mLingsuhira, tan keneng pati pan kadi, mLingsuh wayangan, dahat tan kena pinrih,

4. yen sinabetaken neng waringin kembar, wus ajur rontang-ronting, miwah den nenggala, tugel bet angganira, miwah lamun den tibani, ing alu gora, wus ajur wor lan siti.

5. Tiningalan meksih ngadeg ngarsanira, binuwang wangsul malih. Prabu Baladewa, lesah kaku tyasira, krodhane wus tan angudili, dhasar wus sayah, dhoko dheprok neng siti,

6. pan sumaput kantaka wau Sang Nata. Wadyanira ningali, Pragota Prabawa, lan sagLing pra dipatya, angrebat gustinireki, sänget kantaka, binekteng Pancaniti.

7. Cekel Endraiaya wus kinen Limangsah, lengser saking ngarsa Ji, aris lampahira, mrepeki wringin kembar, kang ngepLing kagyat ningali, ana wong prapta, saking ing Pancaniti,

8. gebyar-gebyar kadya parada binabar, cahyanira nelahi, ing warna wus kembar, lawan kang kinepLing prang, lah ta endi kang sayekti, apa kang aprang, Partane apa iki.



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

9. sampun giras tyase Kurawa Ngastina, dene Arjuna kahh. Wau sapraptanya, lering waringin kembar, kang mindha Parta ningali, marang kang prapta, nulya rinangkuI aglis.

10. Pandulune kang samya ngepung sadaya, gelut ruket ing jurit, tan wruh rarangkulan. Kamajaya ngandika, pinter temen sira Yayi, anggawe susah, salawasmu neng ngendi,

11. sun upaya salawase tan kapanggya, temah muncul pribadi, teka pagelaran, payo Yayi padha prang, gogorohan anganggo kris. Tinon ing kathah, katon maksih ajurit.

12. Dadya tutug mengko goning sun tatanya, Yayi marang sireki, nora kawanguran. Sigra sareng denira, narik curigane katth, jangkah jinangkah, Kamajaya Lingnya ris,

13. salawase aneng ngendi Yayi sira, ingsun nedya ngulati, kapranggul si Semar, aneng alas karuna, ingsun sapa teka wuri, nolih maring wang, den arani sireki,

14. tinangisan dadya sun engkoki pisan, ngaku lamun sireki. NuU sun miarsa, yen si Dipati Karna, mring nagara Dwarawati, apan dinuta mring Prabu Kurupati,

15. pan anjaluk mring garwanira Sumbadra, karepe Kurupati, arsa dhinaupna, lawan si Burisrawa, dadya gon ingsun ngulati, marang ing sira, Yayi sun engi dhingin,

16. banjur marang ing Dwarawati nagara, amung nedya ngalangi, lakune si Karna, mung baha kewala, ora nyana awak mami, lamun panggiha, Yayi lawan sireki.

17. Nora duga dene Yayi praptanira, saka ing Pancaniti, apa ta wus lawas, Yayi ing praptanira, Dananjaya matur aris, wingi kewala, prapta mba neng jro puri,

18. dipun undang inggih dhateng pun Sumbadra. Kamajaya hngnya ris, yen wingi kewala, Yayi ing praptanira, balik ta ing Limang warsi, neng ngendi sira. Dananjaya Lingnya ris,

19. Kesah ulun mati ragi limang warsa, wonten Banjar Melathi, ulun silih nama, pun Cekel Endralaya. Wus katur sadaya sami, sasolahira, purwanira lunga nis,

20. ingkang dados manahipun Burisrawa, prapteng wekasan mangkin, nenggih pangundangnya, Retna Wara Sumbadra, kinen mecaa kkng dadi, sungkawanira. Katur sadaya sami.,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

21. Kamajaya mesem sarwi angandika, ing mengko paran Yayi, iya karepira, mrih aja kawanguran, jenenge wong aprang Yayi, sayekti ana, kang mati salah siji.

22. Dananjaya umatur, leresing karsa, pukulun yen suwawi, kawula kewala, pukulun pejahana. Kamajaya mesem angling, eh basakena, karepmu iku Yayi,

23. wong kapati-pati goningsun ngupaya, teka akon mateni, dene eman-eman, Yayi ingsun kewala, sira patenana nanging, kuwandaning wang, aja kasuwen Yayi,

24. gilang-gilang nuli obongen kewala. Gaq'ita Sang Parta glis, namakken curiga, ing jaja Kamajaya, wat gata rahnya umijil, tinon ing kathah, niba gumuling siti,

25. musus asta Sang Parta mijil dahana, kunarpa wus binasmi, sirna paripurna, kunarpa Kamajaya, mulih mring kahyanganeki, ing cakra kembang. Raden Samba gya prapti,

26. apendhapan matur sarwi latah-latah, dhuh Jeng Paman den aglis, paduka ngandikan, ing Raka Padukendra, mundur dhateng Pancaniti, Raka Paduka, ing Mandura Wa Aji,

27. apan sampun jinarwan ing Kangjeng Rama, yen Parta kang rumiyin, Sang Hyang Kamajaya, ingkang kantun paduka, Partane ingkang sayekti, Parta Arjuna, dhukune Kangjeng Bibi,

28. nama Cekel Endralaya pinangkannya, wukir Banjar Melathi. Meksih latah-latah, Raden Samba turira, Sang Parta mesem wus kerid, marang kang putra, wangsul mring Pancaniti,

29. kawistara mring Sang Dipati Ngawanggha, miwah Harya Sangkuni, wus samya tetela, ing tingale sadaya, kang wangsul mring Pancaniti, satuhu Parta, Kurawa mLingkur sami.

## 13. PERANG SAMPAK

**PANGKUR**

1. Mundur barise lorodan, kebut saking lun-alun Dwarawati, anut saparentahipun, Sang Adipati Kama, Harya Jayadrata ingkang mLinggeng ngayun, Kurawa sadaya tengah, anulya Sang Adipati,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

2. Ngawanggha sawadyanira, kang mungkasi ing lampah munggweng wuri, mila sareh lampahipun, dene sampun pitaya, kang mungkasi ing lampah kang munggweng pungkur, Sang Adipati Ngawanggha. Wau ta ing Pancaniti,

3. Dananjaya sapraptanya, ngarseng nata sigra denya ngabekti, rinangkul lungayanipun. Sang Prabu Baladewa, denya ngrangkul apan sarwi arawat luh, eh sireki Dananjaya, bok iya wus mamareni,

4. denira sok gawe susah, marang sanak kadang warganireki, lunga kongsi limang taun, nora nganggo wawarta, beda bingen duk sira durung amengku, gung lalana mati raga, amrih ing guna kasektin,

5. kaluwihaning ngayuda, guna kaprawiranira ing jurit, mengko wis jeneng pinunjul, satriya sasat raja, sugih garwa kang tuwa wus asusunu, ing mengko sira wus prapta, nanging meksih karya sedhih,

6. dene ta si Wrekodara, lan si Gatutkaca padha ngulati, marang ngendi lunganipun, karone durung prapta, kongsi mengko durung ana wartanipun. Dereng dugi angandika, kasaru praptanireki,

7. Raden Harya Wrekodara, mawa bayu bajra ingkang dhingini, asarengan praptanipun, lan Raden Gatutkaca, Prabu Baladewa suka denya dulu, methuk sarwi latah-latah, wus tundhuk rinangkul aglis,

8. dhuh Wrekodara rining wang, dene lagi mingkem gon sun ngrasani, nuh prapta ariningsun, cinandhak astanira, gya kinanthi binekta satata lungguh. Gathutkaca ngaras pada, ing Uwa Sang Prabu kalih,

9. miwah marang ingkang Paman, Prabu Baladewa gumujeng angling, dene padha ting jaredhul, karo apa supena, yen wis prapta neng kene arinireku, dene ta lawase padha, Yayi gonira ngulati,

10. miwah gonmu angupaya, limang warsa sira kandheg neng ngendi. Wrekodara sahuripun, kandheg martapeng ngarga, anglakoni iya ing sapakonipun, Kaki Bagawan Biyasa. Dene ta sutanireki,



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. **kandheg neng KendhaHsada, si** Anoman pakone den lakoni. Ana dene weruhipun, yen arinira prapta, Kaki Abiyasa ing pamangsitipun, dene ta si Gathutkaca, si Anoman ingkang mangsit.

12. Malah ta pamangsitira, Kaki Abiyasa marang ing marni, ing kene katekan mungsuh, Ratu Wil Batubarang, Prabu Palasiya Narendra dibya nung, balane tanpa wilangan, marma glis ing prapta mami.

13. Gantya Prabu Baladewa, awawarta purunipun nuruti, Burisrawa tangisipun, de Yayi Padmanaba, anghlani Parta tiron patinipun. Dereng dugi angandika, kasaru praptanireki,

14. mantri kang juru tampingan, tur uninga yen mengsah ageng prapti, ratuning wil denawa gung, bala tanpa wilangan, lan Kurawa sawadya sadaya wangsul, atut wingking lampahira, ditya kang mring Dwarawati,

15. amung Sang Dipati Karna, ingkang lajeng mantuk mring prajaneki. Prabu Baladewa ngrungu, alon denya ngandika, eh ta Wrekodara tuturmu satuhu, ana mungsuh buta prapta, balane datanpa wilis,

16. sira meksih banget sayah, lan si Gathutkaca ngasowa dhingin, ingsun dhewe kang umagut, mungsuh ditya kang prapta, Haryasena bekuh denira sumahur, witne dadi tamba sayah, musuh buta rebut pati.

17. Guguk Prabu Baladewa, eh ta Yayi Prabu ing Dwarawati, kariya neng jro kadhatun, karo si Dananjaya, katemuwa kalawan garwanireku, mung si Harya Wrekodara, kang sun gawa mangun jurit.

18. Kang rayi matur sumangga. Prabu Baladewa budhahra glis, lan sawadya baIanipun, nulya ing wurinira, wadya bala Dwarawati kang sumambung, tindhih Harya Wresniwira, Wrekodara kang nambungi,

19. lawan Raden Gathutkaca, pan anunggil wadyaing Dwarawati. Prabu Padmanaba sampun, kondur mring dalem pura, Dananjaya laju marang taman santun, pinethuk marang kang garwa, ing solah datan kawarni,

20. denya sami neng-onengan, lan kang garwa wonten ing



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

taman sari. Ya ta wau kang winuwus, Sang Prabu Baladewa, prapteng Jawi kitha pangarsannya sampun, acampuh sami pangarsa, ditya Batubarang ngungkih.

21. Sri Bupati ing Mandura, sawadyane lajeng sami ngawaki, nempuh ing prang soroh amuk, Rahaden Wrekodara, Gathutkaca Wresniwira sareng nempuh, ing aprang sapunggawannya, Dwarawati ngamuk ngungkih.

22. Raseksa kathah kang pejah, ing ngayuda ambyuk sareng ngebyuki, kang keparak ruk abrubuh, ingamuk Haryasena, miwah Prabu Baladewa pamukipun, Gathutkaca Wresniwira, pra samya wuru ing jurit.

23. Tumpesan bala raseksa, kang keparak ingamuk tumpes tapis. Kawistareng prabunipun, krodha sapunggawannya, angawaki ing prang sareng denya nanduk, rok ruket rempak rinempak, papak pupuh palupi ling.

24. Ramene prang tan winarna, pan cinendhak lampahing kandha pinrih, ratuning ditya wus lampus, dening Sri Baladewa, pan gineyet neng gala gulune rampung, tumpesan sapunggawannya. Bakarine kang ngemasi,

25. giris lumayu sasaran, rebut urip pati-pati bentusi, playune anunjang numbuk. Barise wong Kurawa, geger kuwur mambu iku kawur-kawur, lumayu awor lan ditya, tunjangan tindhih-tinindhih.

26. Kalangkung kasrakatira, wong Ngastina kendhih akeh kalindhih, katunjang kabereg rubuh, kambah kadi jerambah, pan kaidak ing ditya akeh kang kantu. Wau ta tutungguling prang, sampun bedholaken baris,

27. wangsul marang jroning kitha, pan gumuruh suka samargi-margi, wus prapta ing alun-alun, Sang Prabu Padmanaba, lan kang Rayi Arjuna samya amethuk, wus tundhuk lawan kang raka, kinanthi mring Pancaniti.



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

## 14. LENGGAH BUJANA

**KINANTHI**

1. Lajeng wau lampahipun, binekta manjing jro puri, satriya Andananjaya, kinanthi mungguh ing kering, mring Raka Sri Baladewa, lan Sang Prabu Harimurti,

2. kinanthi neng kananipun, Wrekodara munggeng wuri, Gathutkaca Wresniwira, lan Raden Samba neng wuri. Wus prapta jroning kadhatyan. Lampahe Sri Harimurti,

3. kang garwa titiga methuk, Retna Dewi Jembawati, Rukmini lan Setyaboma, sakawanira kang rayi, kusuma wara Sumbadra, aneng plataran wot sari,

4. lajeng lenggah pandhapa gung, lan pra santana geng aht, anutug sami bujana. Kuneng ing antara lami, Prabu Baladewa miwah, parari bubaran sami,

5. kondur maring prajanipun. Cinendhak pan sampun praptì, ing prajane sowang-sowang, lajeng samya manjing puri. Telas aturing carita, tamat ingkang serat titi.




PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

